ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№184 (22.592) • 2013 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 21,щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail1.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Iэтащхьэ

Къаокъуэ Арсен итальян хьэрычэтыщIэхэм йопсалъэ.

Италием и технологиехэмрэ Кавказым исхэм я егугъуныгъэмрэ зэбгъэуIумэ, Iуэхуфiхэр кърикIуэну дыщогугъ

КъБР-м и делегацэр Италием зэрыщыIам щытепсэлъыхьыжым апхуэдэу жиIащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Къаокъуэ Арсен.

Ди республикэмрэ Италиемрэ лэжьыгъэкIэ зэрызэпыщIам зиубгъу зэпыту йокIуэкI. Иужь ильэсхэм дъныкъуитIым я IэщIагъэлIэкIэ куэдрэ зэкIэлъокIуэ, зэрызэпыщIа Iуэхуэхэм я екIуэкIыкIэм щыгъуэзэ защI. Псом хуэмыдэу ди деж егугъуу кьыщагъэсэбэн Италием щызэтеуда Iэмалхэр.

ИДЖЫЛАГЪЭ Къаокъуэ Арсен зи пашэ гупыр Италием и щIыналъэхэу Больцанэ, Тироль Ипщэм щыIащ. Абыхэм агропромышленнэ Iэнатiэм, хэхаер жыпIэмэ, жыг хадэхэр гъэкIыным, екъэлIа технологиехэм, туризмэм и кIыхьэзгъэпэщыкIэм щыгъуазэ защIащ.

- Дэ гупыфIу зэщIэгъэIуауэ гъуэгу дытехьащ, Тироль Ипщэм жыг хадэхэр зэрыщагъэкIым деплъын папщIэ. Ар жыг гъэкIыным и лъэныкъуэкIэ Италием и щIыналъэ нэхъ гъэит дыщыщIащ. А щIыналъэм мыIэрысеи хадэу гектар мин 18-м нэблагъэ иIэщ икIи Европоизым апхуэдэ пхъэщхьэмыщхьэ лIэужьыгъуэу щащэм и процент 20-р яхуреГъашэ. Пхъэщхьэмыщхьэр ягъэжI дуней псом нэхъ щыпэрыт дыдэу кьалытэ технологиехэмкIэ. Абы кьыхэжIыу ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ апхуэдэ лэжьакIэм щыгъуазэ зыщIыным. Сэ кьыз эрысылъэмкIэ, Тироль Ипщэм и щапхьэр кьэтщтэн хуейц, ауэ абы ильэс 50 тедмагъэкIуауэ, ильэсипщ ауэдизым нэсу кьэдгъэсэбэным хуэдэу. Апхуэдизэ зэманым кьриубыдэу дэ жыг хадэу гектар мин 15 хуэдизэ хэтэсну ди мурадщ. Пасэу кьызыпыкIэ жыг хадэу республикэм нобэм иригъэIэу гектар минитI щыIэщ. Дэ ди кьалэн нэхъыщхьэ дыдэр кьуэжьдэхэр лэжьапIэкIэ кьызэгъэпэщыныкIэ, иджыпсрей технологиехэр мэкьумэш хозяйствэм кьыщагъэсэбэгъэ ахэр егъэсэныщ. Ди жыг хадэхэр Тироль щыналъэм щыIэхэм ебгъапщэмэ, абыхэм зыкIи къащъэщыкIыу пльагъуркъым.

Ди жыг хадэхэм я щытыкIэм арэзы утехьуэ хъунущ. Жыг хадэхэр зехьэныр ди щIыхуэм куэд щIауэ кьадекIуэкI Iэщагъэщ икIи ахэр лэжьэн папщIэ зыхуеину иджыдрей Iэмалхэр кьаухуэздгъэпэщмэ, дэ ехьулIэныгъэ инхэр кьытхуэхьынущ. Мы Iэнатiэм тэмэму зриГъэужьмэ, Къэбэрдей-Балькъэрым я продукцэ лIэужьыгъуэм и рынокым и процент 20 - 25-р иубыдыфынущ. БжыгъэкIэ кьэбгъэльагъуэмэ, гъэ хьэс мыIэрысу сом мелард 25 - 30 и уасэ кьычэфынущ, - жиIащ Къаокъуэ Арсен.

КъБР-м и Iэтащхьэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ Альпы бгыхэмрэ ди Iащщэмахуэ льапэрэ куэдкIэ зэрыгъэщхьым. План-де-Коронес бгы-лъыжэ центрым щепIым щыгъуэ Къаокъуэ Арсен жиIауэ щытащ «Ди Iащхьэмахуэ льапэ мынэхъ дахэмэ, Альпхэм нэхърэ зыкIи зэрымынэхъ Iейр».

- Iащщэмахуэ метр 5642-рэ и льагагъщ. Абы кьыдэжIуэ, Кавказ къуршхэм метр минитхуэм щIигъу зи льагагъыу хэт бгыуэ 7-м ящыщу 5-р республикэм и щIыналъэм хеубыдэ. Дэ ди щIыналъэр икъукIэ дахэщ, ди къуршхэр уардэщ, - жиIэ КъБР-м и Iэтащхьэм. - Абы кьыхэкIыу иджыпсту мыхьэнэшхуэ иIэщ КъБР-м туризмэм и инфраструктурэ щыIэтегъэувэным. Альпхэм дыщыщIыIэм дэ щыгугъэм метр минитым щIигъуклI дыдэкIащ, бгылъэ щIыпIэхэм кIапсэрыкIуэ гъуэгурэ щэрыщIалажьэм, ресторанхэр зэрыщызэрахьэм депльащ. Абы щыгъуэ дэ щыгъуазэ зытщIащ а курортым ильэсым щыIу 1 мелуанрэ мин 700-м нэблагъэм зэрызыщагъэпсэхуэм. Дэ тфIэгъэщIэгъуэну денльащ туризмэм екъэлIа бизнесыр кьызэрыкъэгъэтэщам, ар зэрызэрахьэм, лэжьыгъэм и стратегиемрэ ар зэрыпхагъэкIымрэ, Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьызэрагъэсэбэным. Ди дежкIэ Iуэхуэм мыхьэнэшхуэ хэльтэкъым, абы кьыхэжIыу псомкIи гупльитэрэ, управленэм щегъэжьауэ маркетингым щыгъэжьу. Дэ Италием щыIэ лэжьэкIэ нэхъ пэрыт дыдэр кьатщтэу Iащщэмахуэ льапэм кьыщыдгъэсэбэным хуейщ.

КъБР-м и Iэтащхьэм кьызэрилытэмкIэ, республикэм мы Iэнатiэм ефIыкIыпIэ куэд щиIэщ. Ар ди щIыналъэр зэрыдахэм, зэбгъэпщэн зэрыщымыIэм и закъуэкъым. Къапщтэмэ, Италием и хьэрычэтыщIэхэм кьаIэрыхьэ хэхъуэм и процент 50-м нэблагъэр налогу Iахьыжмэ, Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщыдгъэпэщыну экономикэ щIыналъэ хэхаэм я турист кластерым хиубыдэу Iэнатiэм пэрытыну ди хьэрычэтыщIэхэм туризмэм и бизнесым зрагъэужьыным папщIэ кьэралым куэдкIэ яхудичыкынущ.

- Ди щIыхуэм уней хьэщIэщхэр кьызэIуахьыуэ, туристхэм Iуэхутхьэбзэ хуащIэурэ ахьшэ кьалэжьыфынущ, - кьыхигъщIэхьэхуклащ Къаокъуэ Арсен икIи адэкIэ кьыщIигъэжащ: - Лэжьыгъэ Iуэхуфiэ Италием дыдэзэрахьэ, абы щытлъагъэхьаужм Правительствэр зэхуэтшэсынурэ зэпкърыхауэ дытепсэлъыхьыжынущ. А псалъэмакъым ипкъ иткIэ жыг хадэхэм зегъэужьгъуныжмкIэ программэ хэха е программэ кьудзэр зэхэтгъэкIынкIэ хьэщ ильэсхэтхуэпщыкIи тещIыхьауэ. Мыбдеж кьыщытлъытэнущ жыг хадэхэр гъэкIыным и льныкъуэкIэ щыIэ щIэныгъэ кьэхутэныгъэхэр, жыг хадэхэр гъэкIыным и кьэхутэныгъэхэр, жыг хадэхэр гъэкIыным и институтымрэ агарнэ университетымрэ ирагъэжьэжа лэжьыгъэхэр. А псом зэдгъэуIуу ди мы Iуэхум программэ пыуыкIа хуэдгъэхъэзырын хуейщ. Италием и технологиехэмрэ Кавказ исхэм я егугъуныгъэмрэ зэдгъэуIуэ, фIэкIыпIэ имыIэу екъулIэныгъэхэр кьытхуахьынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапiэ.

● Псапэ

ФIы къэзышэ унэтIыныгъэхэр

ФокIадэм и 19-р Лъы зыт ныжьыщIэхэм я дунейпсо махуэу щытащ.

ЩIыхуэ езым фIэфIу лъы итыным хуэгъэзауэ щыIэ къэрал программэм инкъ иткIэ, КИФФЦ-м хиубыдэ хэгъэуцу псоми хуэдэу, Псыхуабэ кьалэ щокIуэкIащ «Лъы зыгъэм я бжыгъэм кьаухьхуэм», псэухэр ирихьыжнущ!» зыфIащэ Iуэхугъуэр.

УСАКIУЭШХУЭ Лермонтов Михаил и унэ-музейм и дежь щIэздзыжьым сыхьэти 10-м щегъэжьауэ щIалэгъуалэр щызэхэуэсу щIадзат. Абдежьыгаг здзыщIыр лъы тыным хуэщIа ягъэIэпхъуэ станцри.

Iуэхум и кьежькIэ хьуам тедгъэпсэлъыхьыну дэ зыхуэдгъэщащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм лъы тыным зегъэужьныкъмкIэ щыIэ зэщIэзыгъэуIуэ центрым хэт, ди республикэм щыщ щIалэдзэщIэ Байсиев Темыржан.

- ЩIалэгъуалэр лъы тыным ешэлIэныкIэ жрдэмыр япэу кьыхэзыльхьахэм ди республикэри ящыщщ, - жиIащ абы. - Ар кьыщыхъуар 2011 гъэращ. Абы щIалэдгъэ блэкIа зэманым кьурибыдэу, мы Iуэхум Кавказ Ищхьэрэмэ УФ-м и адрей щIыналъэхэми зэпымыуэу зыщыгубгъу, къралми зыкьыштщIегъакъуэ. Апхуэдэу нобэ мыбдеж щызэхуэса щIалэгъуалэм кьахьхьэнущ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Хлопонин Александр. СызэрыщыгъуаззэмкIэ, мы зэманым ирихьэлIэу Грозни, Ставрополи, Черкесски, Налшыки, нэгъэуцI щIыпIэхэми лъы щат.

- Дэ Байсиев Темыржан дыдэзыжьэрти, мыпхуэдэ Iуэху егъэкIуэкIыным теухуа гупсысэр дэтIыгъащ, - жиIащ Бзэхэр щрагъэжьиныгъуэ Псыхуабэ дэтым и 1-нэ курсым щеджэ, Исльэмей кьуаежьм кьыщыхьуа адыгэ пащащэ Жынэ Дахэнагъэ. - Псыхуабэ дэт еджапIэ нэхъыщхьэу 3-м щеджэ щIалэгъуалэм ди гукъэкIыр ящетIуэкIым, зызыхуэдгъэза щIалэхэмрэ хьыджэбэхэмрэ дызэримыгугъауэ жыдджру кьытпэджэжащ. Нэхъыщхьэжьыращи, кьыхуеджэныгъэр кьыддэзыIыгъхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Льы тыным, дауи, тыншкъым. Абы утегушхуэн папщIэ, а IуэхугъуэмкIэ нэгъэуцI щIыхум сэбэн узэрыхуэхъуэр уи нэгу кьыщIэбгъэуэвэфу щытын хуейщ. Сэ кьызэрыслыгъэмкIэ, лъы тыным нэхъыбэу кьешIэлIэн хуейр щIалэгъуалэращ.

- Уэ езым нобэ лъы птыр?

- НтIэ! Иджы ещанэу нобэ сот.

- ЗэрызэхэтхамкIэ, лъы зытыну щIыхуи 100-м Хлопонин Александри яхэтынущ.

- Пэжщ. Iуэхур кьыддиIыгъыну абы зыщыхуэдгъазэм, кьетхъожьа жэрдэмым псынщIэу кьыпэджэжащ. Ар, дауи, ди гуапэ мыкъуэ кьэнакъым.

Махуэм и еГуапаэр Iыхьэм Хлопонин Александр «Мэшыкъуэ-2013» зэхьхьэщхуэм щекIуэкIа зэхьхьэхуэм кьыщыхэжаныкIа щIалэгъуалэм яIущащ. ЩIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ дяпэкIэ я мурадхэм щIэупщIа нэужь, абы жиIащ:

- ДэркIэ иджыпсту нэхъыщхьэр Кавказыр фIы зигу ильхэм нэхьри яхузэIутхынырщ. ХьэщIэхэм ди щIыпIэм и дахагъэр, ди щIыхуэм я гуапагъэр здынэсыр едгъэлъагъупхьэщ. Абы и лъныкъуэкIэ фIы къэзышэ унэтIыныгъэхэм ящыщщ зэманым декIу уухуэныгъэхэр егъэкIуэкIыныр, ди щIыпIэм зыщыщыIыхьхьыну хуейхэм папщIэ кьыхэзрагъэпэщ гъуэгуанэхэр нэхъ удэзыхьхэ щIыныр, нэгъэуцIхэри. «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» проектри щIалэгъуалэм я жэрдэм хэзыкъуэщ. Къралым, щIыналъэм кьыщIэт нэгъэуцI сыт хуэдэ Iуэхугъуэщхэмэ жыджэру фыхэт! Абы фыкъыхуэдэж щIалэгъуалэр!

КЪУМАХУЭ Аслъан.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

ПсэупIэм пыщIа Iуэхухэм ятеухуа закон щхьэхуэ

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и япэ кьуэдэ Жаным Руслан.

ПСЭУПIЭХЭР уху эным зегъэужьныкмкIэ федеральнэ фондым иныгъ щIы Iыхьэзэгу кьыдэзыгъуэкI псэупIэхэр щауэхэм папщIэ пщIэншэу зэман пыуыкIакIэ бэдзэнду итахэм тращIыхьа е иджыпсту тращIыхь унэхэм псэупIэ кьыщащэхуну хуитныныгъэ зиIэ щIыхуэхэм я спискэхэр зэрызэхахьхьэм, а спискэхэм зыхуэфащэхэр зэрыхагъэхьа щыкIэм теухуауэ КъБР-м и законым и проектыр депутатхэм я пащхьэ кьрильхьащ УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ комитетым и унафэщI **Гриневич Валерэ.**

- Мы документыр ягъэхьэзыращ псэупIэхэр нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ уху эным хуэгъэзэ федеральнэ законодательствэм кьыгъэувэкIр нэхъ нэсу гъэзэщIа хьун папщIэ. Абы щыгъэзыхуащ ищхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа спискхэр зэрызэхальхьэ щIыкIэр, уняр кьэзыщIэхунухэм кьат лъIэхуэм хэпльэныкмкIэ ягъэув ПлатонэхэР, апхуэдэу мы Iэнатiэм екъэлIауэ КъБР-м и кьэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмрэ яIэ полномочиехэр, - кьыхигъщхьэхуакIащ Гриневич Валерий. Апхуэдэу абы жиIащ ПсэупIэхэр уху эным зегъэужьныкмкIэ федеральнэ фондым аукционхэр иригъэкIуэкIыни папщIэ фIэфIыпIэ имыIэу зыхуей икIи псэупIэ кьыз эрыгъэкIхэр уасэ пыуыкIакIэ щIыхуэ гуп щIыхэхуэхэм яригъэщ уху эныгъэр езыгъэкIуэкIым и пщэ кьыдэхуэ кьалэнхэр щыубзыхуа актхэр кьащтэну кьэралым и щIыналъэхэм чэнджэщ зэрыратар.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Урысейпсо щIыхьэху

«ДыэзэщIыгъуу делэжьынщI» къыхуеджэныгъэм щIэту пхъэнкIийм рэ куэнщIыбмрэ зэщIэжьэным хуэунэтIа урысейпсо щэбэт щIыхьэхур нобэ ди республикэм щокIуэкI, «Урысейм и экологие» проектыр гъэзэщIэным хиубыдэу я Iуэхур зэтраублащ «Дыэзэщ1ыгъуу делэжьынщI» экологие зэщIэхъеерэныгъэмрэ «Урысей зэкъуэт» политическэ щIыналъэм я Iуэхур щIегъэкI КъБР-м и ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм.

ЩЭБЭТ щIыхьэхум жыджэру къеКIуэлIащ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ я администрацэхэм я лэжьакIуэхэр, «Урысей зэкъуэт» урыдсейм политикэ партием и щIыналъэ кьудамэм хэтхэр, щIалэгъуалэ зэгуфэныгъэхэр, жылагъуэ экологие зэгуфэныгъэхэр, ди щIыуэпсым и щытыкIэм игъэпIейтей псори.

КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущапiэ.

Зы махуэ лэжьапщIэ хухах

Къралым нс псори мы махуэхэм егъэлIейтей Хабаровск крайм и щIыхуэхэм псыдэм хэщIыныгъэшхуэ зэраритам. Район куэдым щыщу щIыхь мниящIхэр зыщIэсыи яныIуу къэнащ, мылькуншэ хьуащ. А гуэзвэгъуэм и лъэужьхэр зэрагъэкIуэдыжым теухуа хьыбарэр дэнэ щIыпIи щIэзэрадзыж.

«ГУЗЭВЭГЪУЭМ и деж хамэ щыIэкъым, пщэдей дэ тщIыщ дэтхэнэми кьыщыщIынкIэ хъунур зыми ищIэркъым, абы кьыхэкIыу псыдэр зыщIэуэахэм я гуэзвэгъуэр дэри зыхьыдощIэ. Щэрэдж районым и щIыхуэм зэакьыдэгъуэу даIыгъащ Кьуэкъ IыпIэ Жыжьэм щыпсэуэхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ кьыхалъхьаэр икIи абыхэм я зы махуэ зэжьапщIэр гуэзвэгъуэ хэхуаэхэм хуагъэхьащ», - кьыджиIащ Щэрэдж муниципалнэ щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэ Темиржанов Аслъан.

Псыдэр зэран зыхуэхъуэм ядгIэпикъуэнкIэ фондым Щэрэдж районым исхэм сом 186849-рэ халъхьащ. Ахъшэр иджыри зэхуахьэс.

КУЖОНОВЭ Эльмирэ,
Щэрэдж муниципальнэ щIыналъэм и администрацэм и пресс-Iуэхущапiэм и лэжьакIуэ.

● Дыгъуасэ

Филармониер утыку къохьэж

Къэбэрдей-Балькъэр Къэрал филармониер и ильэс лэжьыгъэр кьыдэгъуэхьажащ. Дыгъуасэ, фокIадэм и 20-м, Налшык дэт къэрал Киноконцерт гъэлъэгъуэнщIэм щекIуэкIащ филармониемрэ и симфониде оркестрым 2013 - 2014 гъэхэм кьыдэщIыубыдэу итыну концертхэм я япэр.

КОНЦЕРТЫМ и программэм хэтщ Мендельсон и классикэ лэжьыгъэ щIэрыIуэхэр. Композитор гъуэгуэдзкIэм и IэдакъэщэкI макьамэхэм я дахагъэмрэ я зэщIэжьыуэмрэ щыхуэ Iэджэм я гум дохьэ, ауэ ахэр апхуэдизкIэ гугъущи, зыгъэзащIэ музыкантхэм Iэзагъ ин яIэн хуейщ, абыхэм я «купщIэм» нэсын щхьэкIэ.

Къэрал филармониер хэтынущ симфониде музыкэм и етIуанэ дунейпсо фестивалу Темыркан Юрэ и цIэр зезыхьэм.

ГЕРАСИМОВЭ Римм.

Iулъхьэ зэрызэIэпхьам, корупцым пыщIа Iуэхугъэ зэралъэжьым я япэкIэ зэрызагъэхьэзырым теуха хъыбарэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хуэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щIэныкъуэгъуэу.

8 (8662) 47-17-79,
47-32-56 телефонхэмкIэ.

Дунейм щыкъуэбаркIэр

Лэжьапщ1эм хэгъэхъуэным теухуауэ

УФ-м и Правительствэм кьыщыхалъхьащ «Лэжьапщ1э нэхъ мащIэ дыдэм и Iуэхуэ1э» федеральнэ хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэльхьэным теухуа законопроектыр.

Абы ипкъ иткIэ, къралым нэхъ мащIэ дыдэу щат улахуэр сом 5 554-рэ хьуэу ягъэувэну 2014 гъэм щIышлэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ. Ар проценти 6,7-кIэ нэхъыбэщ иджыпсту ятым нэхъ.

Голиковэ Татьянэ хуагъэфащэ

Къэрал Думэр арэзы техьащ УФ-м и Къэшэк лаатэм и унафэщIу Голиковэ Татьянэ гъэувыным теухуауэ къралым и Президентым кьыкIыхьа жэрдэмым. Абы и тельхьэу Iэ яIэтащ депутат 445-м.

Голиковэм а кьулыкъыр хуэфащэу къэзылытэу абы и кандидатурэр мэкъуэгъэкIуэм и кIэм къэзыгъэлъэгъуар «Урысей зэкъуэт», ЛДПР партхэм я фракцэхэр.

Фигу кьэдгъэкIыжьащ, Голиковэм къралъ кьулыкъу зыбжанэ иныгъащ, абыхэм финансхэмкIэ министрым и къуэдэ, зэушIагъэр хьумэнымрэ социальнэ зыужьынигъэмкIэ министр Iэнатiэхэри хэту. Илъэс кIуам и нахкъыгъэм кьыщыщIэдзауэ Голиковэр лэжьащ Президентым и дэIэпыкъуэгъуэу.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 21, щэбэт

◆**Мамырыгъэм и дунейпсо махуэщ**

◆ Армение Республикэм и лъэпкъ махуэщхуэ щыIэ - къэралыгъуэ щхьэхуэ щыхьэа махуэщ (1991)

◆1827 гъэм генерал Ермолов Алексей Кавказым ирашыжащ.

◆1942 гъэм Бахъсэн партизан гупыр Кьармэхьэлэ щыIэ нэмыщ гарнизоным теуащ, абы хэщIыныгъэшхуэ иригащ.

◆ФокIадэм и 21 - 22-хэм Нарт-тсанэ (Кисловодск) Урысейм щыяпэу щекIуэкIынущ «Макьамэм, гъуэзджэмрэ кьафэмрэ я дунейр» дунейпсо фестивалыр. 1988 гъэм кьыщыщIэдзауэ дунейм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щекIуэкI а фестивалыр, макьамэ зэхуэс нэхъ ин дыдэу кьалытэрэи, рекордхэр зратхэ Гиннесс и тхылъым ихуащ.

◆Географие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Борей Рауф** и ныбжьыр ильэс 80 ирокIу.

◆КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Мысачэ Валентинэ** кьыщалъхуа махуэщ.

◆Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бей Iуэс** и ныбжьыр ильэс 58-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэмрэ
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэртехьэ-текIуэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градус 12 - 13 щыхьэнущ.

ФокIадэм и 22, *тхьэмахуэ*

◆**Махуэмрэ жэщымрэ зэхуэдэ щыхьэ бжьыхьэ махуэщ**

◆Автомобильнэмэ махуэ дунейпсо аксэр ирагъэкIуэкI

◆**Пылъэр хьумэным и дунейпсо махуэщ**

◆**Къэзахъстан Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм я махуэщ**

◆Приморье щIыналъэм кьапльэным и махуэр щагъэлъапIэ.

◆Илъэс 225-рэ и пэкIэ паштых гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм, унафэ кьыдигъэкIащ Оренбург Урысейм и мусльымэнхэм я япэ Iуэхущапiэ нэхъыщхьэ къыщыдзэIухьыным теухуауэ.

◆1943 гъэм Нахъыщхьэ, Воронежкэ фронтхэм я дзэхэр Днепр зэпрыкIащ.

◆Германием парламент хэхьныгъэхэр щокIуэкI.

◆**УФ-м щекIуэкIынущ къэжным и урысейпсо махуэр**

◆Педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Мамхэгъ Раис** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэмрэ
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэртехьэ-текIуэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градус 12 - 13 щыхьэнущ.

ФокIадэм и 23, *блыщхьэ*

◆1869 гъэм Менделеев Дмитрий химие элементхэм я периодическэ законыр кьызэIуихащ.

◆1924 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым щIэныгъэнщагъэр щыгъэкIуэдыным елэжьыну комиссэ кьызэрагъэпэщащ.

◆1943 гъэм советыдзэхэм хуит кьащIыжащ Полтавэ (Украинэ) кьалэр.

◆КъБР-м и щIыхуэ тхакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Тхьэгъэзит Зубер** и ныбжьыр ильэс 79-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэмрэ
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэртехьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 19, жэщым градусу 9 - 11 щыхьэнущ.

Зыгъэхъэзырыр
ЖЪКIЭМЫХЪУ Мариэт.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дахэм къимыхь Iейм кьихьыркъым.

■ ЗэIущIэхэр ■ Махуэгъэпс ■ Щапхъэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт Щэбэт кьыджIыгъуэ ■ Малъхъэдис

Республикэм исхэмрэ хьэщIэхэмрэ фрагъэблагъэ

● Щэнхабзэ

ФокIадэм и 23-м щыщIэдзауэ и 26 пщIондэ Къэбэрдей-Балькъэрым щекIуэкIынущ «Кавказым - мамырыгъэ» зыфIащэ XVI дунейпсо фестивалыр.

А МАХУЭХЭМ Абхъазым и утымрэ Театр щхьэантIэмрэ зыкьыщагъэльэгъуэнущ Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щIыналъэм и республикэхэм, Осетие Ипщэм, Абхъазым уэрэдыпрэ я къафэмкIэ я ансамбль цIэрыIуэхэм, уэрэджыакIуэ гупхэм.

Зэгурыуэныгъэм и утым щагъэльэгъуэнущ зи Iэщ1агъэ дахэр хэIущIыIу хьуа цIыхубэ Iэпщ1эльапщIэхэм ящIа хьэпшып зэхуэмыдэхэр. Iуэрыпуатэ-этнографие махуэшхуэм пIэпкъ щIыхьгъуэхэр щагъэльэгъуэнущ, макьамэр, кьафэр щыкуэдынущ.

ФокIадэм и 23-м сыхьэт 18.00-м Зэгурыпуэныгъэм и утым щекIуэкIынущ «КъафэкIэ дыдзэгурыпуэнщ» щIалэгъуалэ пшыхьыр. ФокIадэм и 24-м сыхьэт 11.00-м Кавказым и цIыхубэ Iэпщ1эльапщIэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа хьэпшыпхэр Зэгурыпуэныгъэм и утым щагъэльэгъуэнущ икIи щащэнущ.

А махуэм сыхьэт 18.00-м Театр щхьэантIэм гуфIэгъуэ щытыкIэм ипу къыщыщIэгъуэхэнущ «Кавказым - мамырыгъэ» XVI дунейпсо фестивалыр. Фестивалым хэтхэм абдеж концерт гурыншэк щытынущ.

ФокIадэм и 25-м сыхьэт 13.00-м Абхъазым и утым щыIэхуэсынущ фестивалым хэтхэр. Утым щекIуэкIынущ «Ритмы древнего Кавказа» Iуэрыпуатэ-этнографие зэхьыхьэр, лъэпкъ шхьыныгъэхэм я Iэфiагъэр къыщапщытэнущ, концерти щыIэнущ. ФокIадэм и 26-м сыхьэт 13.00-м фестивалым хэтхэм КъэбэрдейБалькъэр Республикэм и кьалэхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ зыщащIэлъхьыну гъуэгу техьэнущ. Абы ирихьэлIэу «Алания» къэрал Камернэ хорым Налшык и Киноконцерт гъэлъэгъуэнIэм классикэ макьамэм дихьэххэр щызэхуишэснущ.

БЖЬЫХЬЭ/П Роза.

● Депутатым и лэжьыгъэ

Дэтхэнэ зыми

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэм хэт, Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий щэбэт кIуам яIущIащ ди республикэм щыпсэухэзэ.

НАЛШЫК Лазо и цIэр зезыхь и уэрамым тет унэхэм ящыщ зым къыщыхъуа мафIэсым и Iэужьхэр нобэми ягъэзэжьажьым. Щхьэгуэшым зыкъызэрыгъэзэхэзэм жаIащ я уэрэ зезыхьэ Iуэхущ1эм унащхьэ трилъхьэжу яхуэзэрыгъэпщыжину кIыгъэгугъа пэтми, иджы къызэрысым Iуэхур и пIэм зэрримыкIар. МафIэсыр нэхъыбэу зыльэIэса унагъуищым я пэшхэр псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэм зэIуэпэщ яхуищIыжину кIыгъэгугъэри, Iуэхур адэжи-мыдэжи мыкIуатэу къэнащ. Нэхъапэуэжь, мылькукIэ къадэлэпыкъыну щIэльэIуу щыхубзхэм Урысейм и либерал-демократхэм я партым зыхуагъэзэати, жэуап яIэкъым.

- Iэмал зэрпIэкIэ, тхьэмахуитIым кIыриубыдэу мылькукIэ дывдэIэпыкъунц, абы кIыщыIнэмыщIауэ къалэ администрацэр, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэр, нэгъэущ1эри мы Iуэхум кIыхьэтIэнщ. Ди жагъуэ зэррыхьунци, страхованэм ди цIыхухэр хэужейщи, гуэзвэгъуэ кIыхьэрыхьуу аэр утыкум кIонэ, - жIаIащ Щхьэгъуэшым.

Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэщ университетым и лэжьакIуэхэм, я Iуэхур хэмыIэтыжу, я щIэныгъэ-щIэныгъэ зэрыгъэгъуэтыжу, я щхьэ Къэрал Думэм и депутатым кIарыкъэлIащ. Университетым и лэжьакIуэхэр общественитым щIэсыну хуит зыщI ордерыр ректорым къащIэщIилъхьэм абыхъэм пэшхэр, пщэфIапIэхэр я мылькукIэ зэрахьэри щыпсэууэ хуежьат. Университетым ректорыщIэ зэрыгтрагъувэрэ унагъуибгъу общественитым къащIэжIым хуеиуэ паубыдащ.

Цыхубзхэм ящыщ зым къыхигъэщащ пэшхэм щыщIагъэтIысхьам зэрарахьилIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, аэрэ университетым щылэжьэху, общежитым щIэсыну хуиту. АрщхьэкIэ иджы абыхъэм пэшхэм щIэжIыну кхьыпаубыд икIи апхуэдэу ямыщIэмэ, я лэжьапIэм Iуэхужьыну кхьыжрагащ. Зэхэзехуэн ящIа унагъуэхэм яхэтщ балигъыпIэ имыува сабийхэр зиIэ, цыхубз уэндэгъуэхэр зыщIэс. Университетым и къабзэльабзагъэм кIэлъыпIэ бзылъхугъэхэм ират улахуэ машIэр фэтэрыпщIэр къэгъэнаэу, ирипсэуну ярикъу къудейщ.

- Дахэу зехьа ди пэшхэр хамэ къэрал къикIыка студентхэм хьэщIэщу иритын мурадкIэ, университетым и администрацэм дыкъыщIихуу аращ, - щIэуфа лей хэмыту жIаIащ цIыхубзхэм ящыщ зым.

Дэтхэнэ зыми и гуныеуэм гупсэхуу щIэдэIуа нужь, Щхьэгъуэшым зыкъызэрыгъэзахэм я Iуэхур зэхигъэкIыну кынгъэгугъащ. КъищынэмыщIауэ, абы и дэIэпыкIуэгъуэхэм унафэ яхуищIащ университетым и ректоратым хуагъэхьыну тхьилъ ягъэхьэзырыну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

ПсэупIэм пыщIа Iуэхухэм ятеухуа закон щхьэхуэ

(КIэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.)

Ахъэхъу Къанщобий

«Акцез зытехуэ продукцэр кыщIэгъэкIыным и къэхьэкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэхъуэрэ нэхъыбэ щыным хуэунэтIа язынымкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым ятеухуауэ, «УФ-м и Бюджет кодексым и 78-нэ, 78.1-нэ статьяхэм грантхэр зэрат щIыкIэм хуэгъэза зэхъуэкIыныгъэхэр хэльхьэным и Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №181-ФЗ-м ипкъ иткIэ къащта зэхъуэкIыныгъэхэм тету, къаIэрымыхьэу къэна хэхъуэр хуапшыныжьын, товархэр къыщIэгъэкIыным (щэным), Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэгъэкIыным трагъэкIуэдзэн папщIэ ахъшэжьI зызышIагъэкъуэн, нрамыгъэпэныжьыну субсидиехэр зыхухахьи хуей субъектхэм акцез зытехуэ товархэр къыщIэзыгъэкIэр зэрыхагъэкIар.

- Абы кхьыжьIыу республикэм и бюджетым кхьыжьIыу субсидиехэр фадэхэкI зыгъэхьэзырхэм иратыпхъэу зыгъэув «акцез зытехуэ продукцэр къыщIэгъэкIыным и хьэкIэкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэхъуэрэ нэхъыбэ щыным» лэжьапхъэ язынымкIэ Iуэхухэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым къару имыIэжу къэлыытэн хуейщ, - кхыхигъэщхьэхукIащ Ахъэхъу Къанщобий. Мы законопроектыр хагъэхьащ КъБР-м и Парламентым бжьыхьэ сессием кIэриубыдэу иригъэкIыну лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм я планым.

Экологиемрэ щIыупсэпи къэгъэсэбэпынымкIэ комитетым и унафэщI **Несутулов Виктор** кхыхилъхьэри, Президиумым хэтхэр тепсэлъыхьащ «Урысей Федерацэм и Мэз кодексым и 29-нэ, 77-нэ статьяхэм зэхъуэжьынныгъэр хэльхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектыр къаэрыщIыхьуам. Депутатхэр апхуэдэу хэпльащ муниципальнэ къулыкIым, ныкIуэдыкIуэхэм социальнэ дэIепыкъыныгъэ етыным, Административнэ къуанщагъэхэмкIэ УФ-м и кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэльхьэным хуэгъэзауэ нэгъуэщI субъектхэм я парламентархэм законхэр кьыдэгъэкIыным теухуауэ къаГъэхьа жэрдэм зыбжанэм.

ЗэIущIэм унафэ яхуищIащ «КъалэI поликлиникэ №5» узыншагъэр хьумэным елэжь къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ Абазэ Иннэ ЛатIиф и пхъум, Социальнэ туризмэмкIэ Урысей Ассоциацэм и Президент Лаптев Иван Илья и къуэм, КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и «ДзэпIыкIуэ мэз хозяйствэ» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэм и мэз инспектор Сардиянов Шамил Сапар и къуэм, КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым экономикэмкIэ, финансхэмкIэ, административнэ хьшэмкIэ и къудамэм и унафэщI Тисленкэ Татьянэ Артем и пхъум КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Къэрал Iуэхущ1апIэхэм

Унэхэр зэрагъэплъынум зыхуагъэхьэзыр

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Уянаев Казым, республикэм и Iэтащхьэм пщэрыль къызэрыщIам тету, налшыкдэсхэр псы хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ, унэхэр зыгъэпIа котельнэ нэхъ инхэр къызэхикIухьащ икIи аэрэ 2013 - 2014 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьынум зэрыгъэхьэзырыр кьиПщIащ.

КъАЛЭМ и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ «Юго-Западная» котельнэм щеплым, ар а Iуэхущ1апIэм и Iэщ1агъэлIхэм епсэльащ. Абыхэм жаIащ щIымахуэ дызыхуэкIуэм сыт и лъэныкъуэкIи зэрыхуэхьэзырыр, псыр зэрагъэхуабэ хьэжу №3-м и оборудованэр зэрызэрагъэпэщыжар, Ватутиным и щIэр зезыхьэ уэрамым тет унэхэу № 12-мрэ №14-мрэ екIуалIэ бжьамийхэр зэрызэрахьуэкIар.

ИужькIэ Уянаев Казым еплъащ Пушкиным и уэрамым тет унэ №74-м щIэт котельнэр къызэрагъэщIэрэщIэжьам. Абы щагъэув «Богатырь-7,56» иджырей псы гъэхуэбапIэу З. Псори зэхэту а лэжьыгъэм трагъэкIуэдэнущ сом мелуан 28-м щIигъу.

Менгисовым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет №79-нэ унэм хуэзэ котельнэр иджыри зэрагъэпэщыж, жьэн узым щеIэзэ дыспансерым и котельнэмрэ вокзал щIыбым щIэ котельнэмрэ нэсу хуагъэхьэзыращ бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум.

«ТЭК» акционер зэгуэхьэныгъэ зэIухам и гъэззащIакIуэ директор Црым Адик Правительствэм и Унафэщым и яп э кIуэдзэм жриIащ лэжьыгъэ псори ягъэувауэ щыта планым тету зэрекIуэкIыр икIи унэхэр гъэпIым щIыщIадзэнум ирихьэлIэу цIыхухэр хуабэкIэ кьыдэзыгъэпэщыну Iуэхущ1апIэ псори нэсу зыхуей зэрыхуагъэзэнур.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Iэнатlэхэр

«Ищхъэрэ щыхьэрым» щызэхуос

Цыхухэм лэжьапIэ кьахуэзылъхьэуэ Iуэхущ1апIэхэмрэ хуитыжьауэ Iэнатlэхэм я щIыналъэ зэхуаку жармыкIэмрэ я лыкIуэхэм фокIадэм и 10-12-хэм Санкт-Петербург щрагъэкIуэкIа етIуанэ щIыналъэ зэхуаку конференцым ЩIыналъэ зэхуаку ресурс центрым и лэжьакIуэхэр хэтащ.

АПХУЭДЭ зэхьыхьэхэр нэхъыбэу зытеухуар я Iуэху кепльыкIэхэмкIэ зэхъуэжьнырщ, къэуб кьалэнхэм хэкIыпIэ кьыхухуэгъуэтынырщ. Япэ махуэм Санкт-Петербург кьалэм и Iэнатlэ унафэщIэмрэ лэжьапIэ къэзылъхьуэхэмрэ, видео зэIущIэ Iэмалым тету, «Петро Конгресс» центрым щызэхуэзащ. Кьапщтэмэ, Ставрополь крайм, Осетие Ищхьэрэм, Ингушым, Къэрэшей-Щэрджэсым, Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ Iэнатlэмэ щIэрыщIэ «Урысей телеком», «Пассажиравтотранс», «Петровизард», «ФС-Трейдинг» компаниехэм, нэгъуэщIхэм кадрхэмкIэ я кьудамэхэм я лыкIуэхэм епсэльащ.

Ищхьэрэ-Кьухьэпlэ федеральнэ округым и щIыналъэ 16-м щIыхуэм Iэнатlэ кьахуэзылъхьуэ я Iуэхущ1апIэхэм щIыщхэм я щIыналъэ зэхуаку конференцыр фокIадэм и 11-м зэхэтащ. Санкт-Петербург Лъэныгъэмрэ щIыхуэр Iэнатlэкlэ кьызэрэпэщыныкIэ и комитетым и унафэщI Чернейко Д. зэIущIэр кьыщIэзIуихым кьыхигъащащ кьалэм лэжьакIуэхэр кьызэремэщIэкIыр. ЩытыкIэр щызэпикърахьы наIуэ кьэхъуащ Ищхьэрэ-Кьухьэпlэ федеральнэ округым хьыхь щIыналъэхэм я нэхъыбэм апхуэдэ лъэпощхьэпохэр зэрыщIэр. КИФО-мрэ нэгъуэщI щIыпIэхэмрэ щыпсэухэм Iэнатlэ кьахуэзылъхьуэ ЩIыналъэ зэхуаку ресурс центрым и унафэщI Мельников Олег зэрыжриIакIэ, абы и лъэныкъуэкIэ яубзыхуа къэрал политикэр жыджэру ирагъэкIуэкIми, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым лэжьапIэншэхэр иджыри щыкуэщI, зэрыщыту Урысейм елыитауэ лэжьыгъэ рынокыр хуэдэ 1,5-кlэ щынэхь тIкIийщ. КьыщынэмыщIауэ, илъэс кьэс а бжьыгъэ зыгъэбагъуэ Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэхэм Iэнатlэ мыхьэнэншэхэр зрапэсынукъым.

Апхуэдэу зэIущIэм зэпкърыхауэ щытепсэльыхьащ зи Iэпкъльпкъым сэкъат иIэхэмрэ балигъ мыхьуахэмрэ лэжьыгъэ кьахуэзылъхьуэным хуэунэтIауэ щыIэ хэжьыпIэхэм.

Конференцым и нужьрей махуэм, фокIадэм и 12-м «Юбилейнэ» спорт унэм къэзылъхьуэ щIыналъэ зэхуаку жармыкIэ щрагъэкIуэкIащ. Абы хэтащ Iэнатlэ хуит зиIэ Iуэхущ1апIэхэм я лыкIуэу 250-м щIигъу. ЩIыналъэ ресурс центрым жармыкIэм кьыщыхилъхьащ лэжьапIэншэу миным щIигъуи я тхьилъхэр. Абыхэм я нэхъыбэр ухуакIуэщ, шоферщ, рабочущ. Центрым и Iуэхутхьэбзэхэр кьагъэсэбэнуэ, Iэнатlэ зытхэм зыхуей лэжьакIуэхэр кьыхахащ.

«КИФЩI-м щыпсэухэр Iэнатlэкlэ тэмэму кьыщыщIэдгъэпщыфынур Ищхьэрэ-Кьухьэпlэ федеральнэ округым щыхуэхэм лэжьапIэ кьахуэзылъхьуэ и Iуэхущ1апIэхэмрэ ЩIыналъэ зэхуаку ресурс центрымрэ зэуIуу дыхэдлажьэмэщ», - кьыхигъэщащ Мельников Олег.

ЩIыналъэ зэхуаку ресурс центрым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

«Техноферия-2013»-м фрагъэблагъэ

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэр я щIэгъэкъуэну, Festo компанием Iэнатlэхэр автоматизацэ зэращ1 и иджырей технологиехэр фокIадэм и 25-м Налшык щагъэлъэгъуэнущ.

ПРОЕКТЫР теухуащ Iуэхущ1апIэхэр автоматизацэ зэращ1 иджырей технологиехэм республикэм и предприятэхэр хуагъэкIуэн папщIэ, я сэбэп хэлъу лъэныкъуэхэр зэрызэдгъэлэжьыну щыкIэр уб зызыуням.

Къэбэрдей-Балькъэрым и предприятэхэм я Iэщ1агъэлIхэм КъБКъУ-м и «Экспотейнер» гъэльэгъуапIэ павильоным щIэкуэд кьыщащIэнуц, апхуэдэу зыхуей чэнджэщэр щагъэгъэтынущ.

ИТТИЕВЭ Аминэ.

● Промышленность

Рентгеным и бзийхэр тегъуэлъхьэпIэм пхырокI

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм и лыкIуэхэм иджыблагъэ Волгоград кьалэм щагъэлъэгъуащ Май районым щыIэ «Севкавренгген-Д» жэуап зэхэгъэщIэхуэ зыхь зэгуэхьныгъэм и продукцэр. Абыхэм яхэтщ «АРС-Диаком» рентген аппаратыр, рентгеным и бзийхэр зыпхыкI тегъуэлъхьэпIэ, рентгенологымрэ лаборантымрэ я Iэнатlэхэр кьызэрызэрагъэпэщ Iэмэпсымэхэр.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и предприятэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщым, 1958 гъэм кьызэIуахауэ щытам, 2008 гъэм щегъэжьауэ зыужьныныгъэщIэ игъуэтащ икIи, иджырей инноваци технологиехэр кьигъэсэбэпу зэрыщIидзам и фIыщIэкIэ, дунейпсо мардэхэм кьыриубыдэ продукцэ кьыщIигъэкIыу хуежьащ.

Цыхухэм ягъэлажьэ рентген аппаратхэр щэным теухуауэ мы гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм екIуэжа аукционым «Севкавренгген-Д» зэгуэхьныгъэр щытекIуащ. Продукцэр зыщэхунур Урысей Федерацэм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ кьулыкъущIапIэращ.

Предприятэм и унафэщI Хьущт Бетlал кьызэрыджиIамкIэ, жэпуэгъуэ мазэм и 30-м нэсыху Майскэ кьалэм щаща рентген аппаратхэр Урысей Федерацэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэу 16-м щыIэ тутнакъэщхэм хурагъэшэнущ. Нобэ ирихьэлIэу апхуэдэ Iэмэпсымэхэр Пермь кьалэмрэ Свердловск областым щыIэ Сосьвэ поселекэмрэ ирагъэшащ. Мыгувэу рентген Iэмэпсымэхэр хуаутIыпщынущ Башкортостан Республикэм щыщ Салават кьалэм, Владимиркэ областым щыщ Мелеховэ поселкэм, Ивановскэ областым щыщ Кинешмэ кьалэм, Кемеровскэ областым щыщ Новокузнецк кьалэм щыIэ тутнакъэщхэм.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

● Узыншагъэ

Зыхуей хуагъазэ

Узыншагъэр хьумэн Iэнатlэр егъэфIэкIуэныкIэ программэм хэту Налшык кьалэ дэт сабий поликлиникэ №1-м сом мелуани 9-м щIигъу текIуадзу зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ. Апхуэдэу унащхьэр яхьуэжащ, хуабэ, псы къызэрыкIуэ бжьамийхэр зэрахьуэкIащ. Сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзащ Iуэхущ1апIэм и Iуэху, унэм и щIыбыр зэрахьащ, щхьэгъубжэхэр, бжэхэр щIуэ халъхьащ.

МЕДИЦИНЭ IэмэпсымэхэмкIи и Iуэху ефIэкIуащ поликлиникэм. Абы кьыIэрыхьащ сом мелуани 9-м щIигъу и уасэ оборудованэу 13. Апхуэдэу «Алока-7» УЗИ-аппаратым и фIыгъэкIэ ирагъэкIуэкI кIэлъыплъныгъэхэм кьыхэхъуащ. Хирургиемрэ отоларингологиемрэ, офтальмологиемрэ пэшхэм зыхуеину Iэмэпсымэхэр щIэтщ. Иджы Iэмэпсымэфlэхэр зэраIэм и фIыгъэкIэ, анализэхэр ирогъэ езы поликлиникэм псынщIэу икIи пщIэнщэу щатыфынущ. Апхуэдэу поликлиникэм хэту «ДэIэпыкIуэгъу псынщIэ» мэлажьэ, абы папщIи Iэмэпсымэхэри автомобилитIи кьащэхуащ.

Сабий поликлиникэ №1-р кьалэдзэ сабий мин 30-м щIигъуи я узынщагъэм кIэлъоплъ. Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэ Мэремщаду ФатIимэ зэрыжиIэмкIэ, Налшык кьалэ и Илщэ-Кьуэкъыпl э хьэблэм сабий поликлиникэщIэ зэрыщащухуэнум теухуа псальэмакъэр ёокIуэкI. Абы и проектымкIэ, Iуэхущ1апIэм зы жэщ-махуэм щыхуу 500-600-м Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэфынущ. А Iуэхур тэмэму зэтеувэмэ, сабий поликлиникэ №1-м и лэжьыгъэр нэхъ тынш хьунут, апхуэдэуи щыху нэхъыбэ щыпсэу Налшык и хьэблэхэм ящыщ зым и дежкIэ ар хэкIыпIэфIт.

УЭДЫЖЬ Исльам.

● Хьумапlэ банк

Iуэхутхьэбзэ пуд

«Урысейм и ХьумапIэ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм «Дзэ ипотекэ» - «ПсэупIэ хьэзыр» кредит проектыщIэр дыззрыт фокIадэм щегъэжьауэ егъэзащIэ.

ИПОТЕКЭ IэмалкIэ псэупIэ кьэзыщэхуну дзэ кьулыкъущIэхэм абы льготэкIэ щIыхуэ я ярет. Пэщ1эдзэ взносыр унэм хуэзэм и проценти 10 хьуэ ди ахъшэмкIэ илъэсым процентри 10,5-рэ зытекIэ псэупIэ кьэзыщэхунум илъэс 20 пIалъэкIэ кредит хухех. Абы щыгъуэми, дзэ кьулыкъущIэм и счет хэхам къэралым хухилъхьэ ахъшэр пэщ1эдзэ взносу кьаГъэсэбэп икIи щIыхуэр абыкIэ зытрагъэкIыж.

«Дзэ ипотекэр» кьежьыхьхэм нэгъуэщIефIэкIныгъэхэри яIэщ. Кьапщтэмэ, тхьилъ гъэхьэзырыным зэман трагъэкIуадзэркъым, апхуэдэу и гъащIэмрэ и узыншагъэмрэ фIэкIыпIэншэу страховани ящыну хагъэхьэхьыркъым. КьищынэмыщIауэ, хэубыдыкIауэ зы щIыпIэ хэхам псэупIэр кьыщащхэун хуейуэ паубыдыркъым - ар кьулыкъуэр щрахьэкI щIыналъэм ехьэлIакъым. Программэм хэтхэм пщIэ лей Iахьркъым, кьащта щыхуэр щыхуей зэманым ятыж хьунущ.

Проектыр щагъэхьэзырым гульытэ хуащIу ягъэбелджылащ дзэ кьулыкъур зыухам и кредитыр зэрыгъэхуэгъэкIуэну щIыкIэр. Мыбдежым:

- щIыхуэр кьыщащта махуэм щегъэжьауэ ар щатыжьын хуей пIалъэм нэсыху кредитым техьэр зэрыщIхьащхьынум. Абы щыхуэр хэпщIыкIыу яхуигъэмщIэнущ, кьэралым яхухилъхьэ ахъшэм и фIыгъэкIэ, ар нэхъ пасэу щитрагъэжьыкъыфынущ;

- кредитым техьэр ягъэува пIалъэм зэрырагъэушэнум;

- щIыхуэр зэратыжьину графикыр зэрызэщIыхьащхьынум.

Апхуэдэу, ХьумапIэ банким и дарэгъуэхэм, псальэм папщIэ, ямыгъэIэпэтхуэ мылькумкIэ агентствэм, хуэзэ уасэр кьэзылытэ Iэнатlэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр кьагъэсэбэп хьунущ. Абыхэм ящыщ куэдым я Iуэхутхьэбзэхэр пудущ икIи Урысейм и ХьумапIэ банкыр кьыхэхэых дзэ кьулыкъущIэхэм дежкIэ ар хэкIыпIэфIщ.

БАГЪЭТЫР Анзор,
«Урысейм и ХьумапIэ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

Бичекуев Хьэжмурат и илъэс 90-р

Терскол къуажэм и нэхъыжьыфI, Хэку зауэшхуэм и ветеран Бичекуев Хьэжмурат и ныбжьыр илъэс 90 ирикъуащ. Къыщалъхуа махуэр дагъэлъапIэну абы и унагъуэм кьыщIэхуэсащ Iыхьылхьэмрэ хьэщIэхэмрэ. Бичекуев Хьэжмурат кьыхуэхьэзыр кьиухуэкIащ Iуащхьэмахуэ куеймрэ Эльбрус къуажэмрэ я администрацэхэм я лэжьакIуэхэр икIи Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и хьуэхьу тхыгъэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ кьыхуахьащ.

IУАЩХЬЭМАХУЭ куейм и щIыпIэ администрацэм и унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Афашоковэ Раисэ нэхъыжьым щехьэхьым, абы гъащIэм щилэжьа Iуэхугъуэхэм пщIэ зэрахуэфащэр, а нэхъыжьыфIыр щIэблэм щапхъэ зэрахуэхьэр кьыхигъэщащ.

Бичекуев Хьэжмурат 1923 гъэм фокIадэм и 10-м Гундэлэн кьуажэм кьыщалъхуащ. 1937 гъэм ар Терскол къуажэм Iэпхъуащ. Хьэжмурат зэрыжиIэжьмкIэ, а зэманым кьуажэм цIыху мащIэт дэсыр икIи абы и унагъуэр Iуащхьэмахуэ пIьапэ ятэу Iэпхъуэрэ щыщщ. Аращ абы кьуажэм и нэхъыжькIэ кьыщIеджэри. «Япэ махуэхэм унагъуэр щэтырыпы дыщIпсэун хуей хъуат, - игу кьеГъэкIыж Хьэжмурат, - нужьым уэн духуащ, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием геофизикэмкIэ и институтым Къэбэрдей-Балькъэрым щыIэ кьудамэм Эльбрус кьыщыхэзагъэпэща комплексна экспедицэм и лэжьакIуэ нэхъыбэм сыуващ.

СССР-м и зэманым льагапIэм ятэу школ кьыщыщIэхуэм Хьэжмурат и гуащIэ хилъхьащ. Хэкум ирагъэкIауэ щыта балькъэрхэр я щIыналъэм кьыщихьэжым, Терскол школ кьыщыщIэхуэным мурад ящIащ. Хьэжмурат кьыхихьащ экспедицэхэм папщIэ яуха зы пэш классу кьызэрагъэпэщыжыну. А зэманым школым екIуалIэ цIыху 15-м нэблагъэм егъэджакIуэу яIэр Матюхинэ Зое и закъуэт.

Зауэм щыщIидза гъэм курыт еджапIэр кьиухат Бичекуевым икIи зэуэ дзэм ираджащ. Мазиплкlэ щеджащ Ейск кхъухьлъатэм и Iэмалхэм зыщыхуагъасэ школым, иужькIэ уафэгу-десантыщ1эм кьулыкъу щищIащ. 1941 гъэм ар Одессэ яГъэхуащ взводым и унафэщу. Бичекуевыр Дон Iус Ростов зыхъумахэм яхэтащ, ятэ махуэхэм кьыщыщIэдзауэ и кIэм нэблагъэху Сталинград щызэхуащ. Борисовэ, Одессэ кьалэхэм, Дон, Днепр, Днестр, нэхъ нужьыгъэкI Одер, Элбэ псыхэм зэпрыкIахэм ящыщщ. ТекIуэныгъэм и махуэм Магдебург кьалэм щыIущащ.

И лыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ абы кхыхуагъэфэщащ Главнокомандующэ нэхъыщхьэм и щIыхь тхылъ, Хэку зауэшхуэм и етIуанэ нагъыщIэр зиIэ орденитI, Невский Александр и орденыр, «Сталинград зэрихьумам папщIэ», «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэ кьыщIэрыщIытхьамкIэ» медалхэр.

Ветераныр бынунагъуэшхуэщ. Абы иIэщ хьыджэбзиплI, пхъырылъхуиплI, абыхэм я бынымэ 7. Хьэжмурат и ныбжьым емылъытауэ жьыджэрщ. И Iыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр, кьуажэгъуэхэр нэмахуэу я кьащIыхуа махуэр абы мызэ-мытIэу иджыри дагъэлъапIэну.

ТАРИМ Алисэ.

● Зэпеуэхэр

Лъахэхутэ ныбжьыщIэхэр

Республикэ эколого-биологиемкIэ Къэбэрдей-Балькъэр и Къэралыгъуэм и махуэм хуэгъэзауэ щрагъэкIуэкIащ «Си щIыналъэ» ныбжьыщIэ зэпеуэр. Сабийхэр хэкупсэу гъэсэныр, я щIыналъэр яцIыхуу къэгъэтэджыныр зи мураду щыта а Iуэхугъуэм хэтащ республикэм и щIыпIэ 13-м я лыкIуэхэр, илъэсыр 10-14 я ныбжьыр.

ДЗЭЛЫКЪУЭ районым кьыбгъэдэкIыу зэпеуэм хэтащ «Дзэлыкъуэ ныбжьыщIэхэр» гупыр. Ахэр и гъэсэнщ Программэм и лейуэ сабийхэм щадзылажьэ республикэ центрым (РЦДО) и экологие, туризм, лъахэхутэ къудамэхэм. Зэпеуэр зэрыщэхэт унэтIыныгъи 10-м ящыщу дэтхэнэми щIэныгъэшхуэ кьыщащIэльэгъуащ дзэлыкъуэдэхэм. Абыхэм ехьулIныныгъэхэр кьыщахьащ псэущхьэхэмрэ кьэкIыгъэхэмрэ зятеухуа Iыхьэми коллаж зэмылIэужьыгъуэхэр щащта унэтIыныгъэми. Апхуэдэу я ныбжьыщIэхэр зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэу льэпкъхэм я хабзэхэм, ди къэралыр дамыгъэхэм, махуэшхуэхэм. КьинэмыщIауэ, «Сэ къэралым срицыхьщ зыфIаща сочиненэ тхылымкIи школакIуэхэр зэпеуэти, абыи пашэ щыхьащ Дзэлыкъуэ районым щыщ ныбжьыщIэхэр.

Дэтхэнэ унэтIныгъэми дзэлыкъуэдэсхэм кьыщыхуагъэфэщащ балл пщIырыпщ. Ар зэпеуэм и балл нэхъ льагэ дыдэщ. Апхуэдэ бжыгъэ льагэхэм я фIыгъэкIэ, «Дзэлыкъуэ ныбжьыщIэхэм», дауи, зэхьэзэхуэм ятэ увыпIэр кьыщащхьащ. Абыхэм ираташ «Ботаник ныбжьыщIэхэр», «Лъахэхутэхэр», «Творческэ зэфIэкI льагэхэм папщIэ», «Журналист ныбжьыщIэхэр» щыхь тхылъхэр.

Зыйэрагъэхьа екъулIныгъэ гупсэ кьызэщIакъуэжри, Дзэлыкъуэ кьикIа гупым хуагъэфэщащ «Си щIыналъэ» Ещанэ республикэпсо эколого-лъахэхутэ зэпеуэм и лауреат» дипломри. ЩIыбжьыщIэхэм я гъэджакIуэхэр Мэкъуауэ Хьэлимэтрэ Пономарёвэ Татьянэрэ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIи и министр Семэн Пащыкан кьыбгъэдэкI щыхь тхылъхэр ираташ.

ТАМБИЙ Линэ.

● Гу зылъытапхъэ

ЛэжьапIэ ягъэувынухэр кьыхах

Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ Iуэхущ1апIэм - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ и щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым зэпеуэ ирегъэкIуэкI, мы кьыкIэлъыкIуэ Iэнатlэхэм игъэувынухэр кьыхихьын папщIэ:

- щIэныгъэлI секретарь - 1 Iэнатlэ ;

- бжьыгъэ кьутахуэхэмкIэ кьудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ - 1 Iэнатlэ.

Зэпеуэм щытекIуахэм зэгурыIуэныгъэ иращIылIэри лэжьапIэ кьэштэ.

Ди хэщIапIэр: 360000, Налшык кьалэ, Шортэным и уэрам, 89 А.

Телефонхэр: 42-64-17, 42-66-61.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Iуэхухэмкlэ управленэм я лэжьакIуэхэр КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и яп э кьуэдзэм и секретариатым и унафэщI **Тутей Анзор Азрэт и къуэм** хуогугъавэ абы и адэ **Тутей Азрэт Мысост и къуэр** зэрыпIам къыхэкIыу.

Ипэкіэ кіуэтэным и лъабжьэ

● Щапхъэ

Мамырыгъэр зыужьынырыгъэм, гугъэфІхэр пхыгъэхІыным, апэкІэ кІуэтэным, къэкІуэнум я лъабжьэщ, ар щыІэмэ, сыт хуэдэ Іуэхуми хэкІыпІэ кІыхьуэбгъуэтыфынущ. Нэхъыщхьэр ар хъумэнырщ, къэкІуэнур зэй щІэблэр Хэкур фІныуэ ялъагъуу, я тхыдэм щыгъуаззу, зэрыжытІэщи, хэкупсэу гъащІэм хэуфэнырщ, зи гъащІэ емыблэжу мамырыгъэмрэ хуитныгъэмрэ кІыхьуэзыхьэ ди нэхъыжьхъэм яхуэфащэ пщІэрэ гулъытэрэ ягъуэтынырщ.

НАПШЫК къалэ дэт курыт еджапІэ №24-м я Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и жэрдэмкІэ щекІуэкІа «стІол хъурейр» ирагъэкІуэтэн ар зытеухуар. ЕджакІуэхэр щыгъуазэ ящІащ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ди адэжьхэм я лІыгъэ щІапІэхэм я зым - Ростов областым хьухьэ Мартыновскэ куэйм - щекІуэкІа зауэ гуащІэм. 1942 гъэм и гъэмахуэкум, Сал псым и Іэшэлъашэ губгъуэ нэщІыжьым щекІуэкІа зэхэуэ гуащІэм хэтащ ди республикэм и 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэр.

Республикэм и ДОСААФ-м и унафэщІ **Іащым Юрэ** зэІуцІэр къыззІуихщ, къриЖэІІаХэр ныбжьыщІэхэм ярІгъэцІыхури, псалъэ иратащ КъБР-м цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин.**

- ИкъуекІэ гуапэ сщыхуащ мыпхуэдиз щІалэгъуалэ къыззрыІэзхуэсар, мамырыгъэр къытхуэзыхьа ди нэхъыжьыфІ, нобэрей ди зэІущІэр нэхъ зытеуха 115-нэ шууей дивизэм хэта ветеранхэри къыззреблагъар. Мартыновскэ куэйм ятІуэ дыщыкІуэм абы и унафэщІхэр, и цІыхухэр гуапэу къыззрытІущІам дыщыгуфІыкІат. Нэмыц фашистхэм ятІупва шууей дивизэм и зауэлІхэу а щІыпІэм щыкІэІуэпщащкъым, я кхъащхьэхэр, фэеплъхэр егугъуу зэрахь. А лъэхъэнэм зауэ гуащІэр щекІуэкІа губгъуэжьыр нэщІт, хуабэвэхт икІи шым тес ди зауэлІхэм зызыкъуагъэпщкІуэн зы жыг гуэри иттэкъым, ауэ къэмыпэнджэжу пащІэтащ танкэмкІэ кІапэува нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм. А къуажэхэм щыпсэухэм жаІэж а зэпэщІуэвэныгъэ гуащІэхэр зэрекІуэкІар. ЩкІэну сызыхуеІар зыщ: мамырыгъэр фхъумэ. Абы дыхуейщ дэри, къэкІуэнур зей фэ щІалэгъуалэри, фи яужьым кІыуэвэнуэри. Ар зэрыпхъэзыхьа, зи гъащІэр абы щІэзыта ди адэжьхэр фщымыгъупщэн папщІэ а илъэс лыгъейхэм я тхыдэм фыщыгъуэзэн хуейщ, - яжриІащ Къумахуэм пэшым щызэхуэса ныбжьыщІэхэм.

Іащым Юрэ кьытеувыІащ иджырей щІэблэр хэкупсэу, я тхыдэм щыгъуаззу къэгъэтэджыным мыхьэнэшхуэ зэриІэм, абы и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІ Іуэхугъуэхэм, щІалэгъуалэм зэрадзпалъхэм. Жи1ащ щыпсэу и лъэхэм, къэралым ифІ, и сэбэп зезыхуэн щІалэгъуалэ гъэсэныр Іуэхуу щыІэм я нэхъыщхьэу зэрыщытыр. КъыззрихъэщащІи, илъэс къэс Хэкум и хьумакІуэм и мазхуэм, ТекІуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьалІэу Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр ирагъэкІуэкІ. Иджыблагъэ Курп пъаГапІэхэм щыІащ. Хэку зауэшхуэр щыщІидзауэ щыта мэкъауэзгъуэм и 22-м, Фэеплъымрэ щыгъуэмрэ я махуэм ирихьалІэу, республикэм и кьуажэ 32-рэ къыззхэкІухьащ, дэтхэнэми Хэку зауэшхуэм, Совет Союзым и ЛІыхъужьхэм я фэеплъ пэкІухэр щрагъэкІуэкІащ.

Урысей ДОСААФ-м и кьудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и къуэдзэ, запасым щыІэ полковник **Мащіыхъу Хъусен** жи1ащ Мартыновскэ куэйм и Іэшэлъашэм бийм щыпсащІэта 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэм теухуауэ Къумахуэ Мухьэдин игъэхьэзыра телефильмым папщІэ фІыщІэ зэрыхуящІыр. Абы щІэблэр хэкупсэу къэгъэтэджыныкІэ, зауэм и тхыдэр ящІэныкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр къыхигъэщащ. Езыр зи пашэ гуп Мартыновскэ куэйм иджыблагъэ е зэрыщыІам, абы щыпсэухэр а телефильмым зэреплъам, гунэс зэращыхъуам, Къумахуэм псалъэ гуапэхэр къыззхужьаІам къытеувыІащ.

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1кІэ Іэщ1уэзэда къарухэмрэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Іэтащ1ухэ **Шыхьэбахъуэ Мухьэмэд** кІэщІу къытеувыІащ 115-нэ шууей дивизэм и лІыгъэм. БлэкІар зыщамыгъэгупщэну, мамырыгъэр, хуитныгъэр къытхуэзыхьа, зи гъащІэм емыблэжа зауэлІхэм я фэеплъым пщІэ хуащІыну щІалэгъуалэр къыхуриджащ.

Къыззхуэса ныбжьыщІэхэм я гукъэкІыжхэмкІэ ядэгугъащ Хэку зауэшхуэм и ветеран, 115-нэ шууей дивизэм хэта **Куэтэнны Тіалэрэ Къанщауэ Мусэбийрэ.** Куэтэнщыр къытеувыІащ тхыпъэштрихьха шууей дивизэм и тхыдэм.

Кіыхь зимыщІами, ныбжьыщІэхэр яфІэгъэщІэгъуэ ну едэІуащ 115-нэ шууей дивизэм щыщу хэкІуэдахэм пщІэ щыхуащІ, я фэеплъ сын щыгъэува Мартыновскэ куэйм илъэс къэс кІуэхэм ящыщ, «Горянка» газетым илъэс 13-кІэ и редактор нэхъыщхьэу щыта **Сэбанны Роэз** къиуэтэжахэм. Роэз и ныбжьыр илъэсипщІ хъууэ аратХэку зауэшхуэм щыщІидзам. Абы и адэ Гъащ1окъуэ Къаншумэс ящыщщ 115-нэ шууей дивизэм хэту фашистхэм я пэщІэтахэм.

УАРДЭ Жантинэ.



Театр гъуазджэм

● Ди махуэгъэпс

Актер Барасбиев Исмэхьил илъэс 75-рэ ирокъу

Гугъуш икІи тынщщ театркІэ зэрджэІэнатІэм илъэс куэд хуэхэыха, зи гъащІэр тыхь хуэзыщІа жыпІэкІэ ущымыуэну щІыхум утетхыхьыну. Гугъущ, и гущІэ псор кІыпрэуэщІэмыкІуэжкІэ щынагъуэ щыІэщи, адрейуэ тынщщ и лжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэм ящыщ зым утепсэлъыхьмэ ар наІуэу уи нэгу кІыщІингъэувэнущи, артистыгъэр псалъэ хуэмыныкъуэу къэпльытэми мыпщІ Іэщ1агъэщи...

И МАХУЭР егъэльапІэ КъБР-м и цІыхубз, УФ-м щІыхь зиІэ я артист, кІыыхьэкІа балькъэр лъэпкъым и мызакъуэу, и джэгукІэр, и лэжьэкІэр зигу дыхьэ псори зэрыгушхуэ Барасбиев Исмэхьил.

Ар Тбилиси кьалэм 1938 гъэм фокІадэм и 20-м кьащІалъхуащ. 1958 - 1963 гъэхэм ар щеджащ Щепкиным и цІэр зэрихьэу Москва дэт театр училищэм. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зэрэзыгъуэту зи хэку къэзыгъэзэжа щІалэр Кіыейсин и цІэр зезыхьэ Балькъэр къэрал драмэ театрым уврИ, абы 1974 гъэ хъуху щыІэжащ, 1977 - 1986 гъэхэм Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и актёрщ икІи и унафэщІым и къуэдзэщ. Исмэхьил и етІуанэ щІэныгъэ нэхъыщхьэр Театрымкіэ, музыкэмрэ кинематографиемкІэ Ленинград дэт институтым щызэригъэгъуэтащ, абы и «Театроведение» къудамэр кІиухащ (1979 гъэ). 1986 - 1990 гъэхэм ар и унафэщІу щытащ КъБР-м и Гъащ1э театр е зэрыкъэзэрыщІэм. Иуасэ Балькъэр театрым кьегъэ ззэжь Іуэхущ1апІэм и ящ1э унафэщІу, аргуэру абы щыджэгун щІедзэж. 1996 гъэм ар ирагъэблагъэ Налшык къалэ адміни страцІэм икІи щІэнхабзэмкІэ и къудамэр кьыІэщІальхъэ. 2002 гъэм кьыщыщІдзауэ НОТР телерадиоГъэщІэгъэнымкІэ и редактор-режиссёрщ, Къэбэрдей-Балькъэр телевиденэм и лэжьакІуэщ. ХьыбарегъащІэм кьыщыщІдзауэ репортажым, очеркым, нэгъуэщІ жыпхъэхэм нэсыжу ар щымыпэжа къэгъуэтыгъуейщ. Политикэм, экономикэм, щэнхабзэмэ, гъуазджэм, жыпІэнурамэ, жылагъуэ гъащІэм щыщу и нэтынхэмкІэ зи гугъу имыщІа щыІэжкъым.

Барасбиевым и гущІэм кІэлпыплъэм зыжьэу жалэфынущ балькъэр, урыс, гуащІ театрхэм я тхыдэр абы и цІэр хэмыту щыІэ зэрымыхьунур. Аращ абы и гъащІэм и кІурыхыр, кьэру зыщІэльу езыми кьиІльытэр. Ящыщ дэтхэнэ зы Іэнатіэри кьащти, псоми сатыр плъыжькІэ кьыщІидзэщ уэрыгетхьыхьфынур, дэтхэнэми хуищІа хэлъхьэныгъэ ящІ, уэрыпагэнщи. КъБКъУ-м и инженерно-техникэ факультетыр зэгуэр хьфІэзыдзэжу Щепкиным и цІэр зезыхьэ театр училищэм ягъэкІуэну кьыхах щІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ ГъуэУ яхуэхьуа Исмэхьил къызыхуигъэщІар кьиГъуэтыжат. Лъэпкъ студием яп1э илъэситІым и гъэсэну щытащ СССР-м и цІыхубз артистхэ, урыс актрисэ гъуэзэдэжь Пашенная Вера. Ди къэралым и кьалащхьэм зэрыщІа илъэситхум Исмэхьил кьыгурыІуащ гъуэзджэм и лъагагъэр, театрым и кьарур, кьыхиха гъуэгум зэрытемыкІыжьынур. Иджыпсту абы хэІэтыкІуэр и гугъу ещІ я диплом лэжьыгъэу Островский Александр и «Гроза»-м кьыгращІыкІауэ щыта спектаклым (абы щитІъэзэщІат Дикий и ролыр). Абы кьыкІэлъыкІуащ «За тех, кто в море» (Харитонов), «Отелло» (Людовик), нэгъуэщІхэр.

Барасбиев Исмэхьил цІыху лъагэщ, зэкІужщ, цІыхум епсэльэкІэрэ бгъэдыхьэкІэрэ кьыхуегъуэтыф - аехрагъэнщ ар зэи ролынщэ щІэмыхьуар. Балькъэр театрым и утыкум абы

къыщигъэщІащ образ блыщІым щІигъу. Апхуэдэу ар щыджэгуащ Сотташев А. и «Ходжа», Бабаев Л. и «Ачмез», Боташев И. и «Орлы любят высоту», Чехов А. и «Дядя Ваня», Карим М. и «В ночь лунного затмения» спектаклхэм, зэкІэлъыІэкІэмэ. Абы и гъуэсу утыкум итащ лъэпкъ театрым и ватъуэ зыхуэкІпІэн актеркъэ Кучмезов Шараф, Кучуков Магомед, Маммеев Ибрэхьим, Кулиев Элизат, Кудаев Мэрзан, Ахматов Зейтун, Будаев Ольгэ, Токумаев Раисэ, Шахмурзаев Алексей, нэгъуэщІхэри. Адыгэ театрым и артист гъуэзэджэхэу Тлыхужь Алий, Сыбэч Быхуэ, Сонэ Мухьэрбий, Болэ Мурат сымэ зэрадэлэжьам и гуащІэм куэд хигъэхьуауэ езы Барасбиевым жеІэ. Урыс театрым щыІэху абы и насып кьрихьэкІащ СССР-м и артист щэрыІуэхэу Леонов Евгений, Лановой Василий, Золотухин Валерий, Караченцов Николай сымэ зригъэщІыхуну.

Исмэхьил кьыззрильытэмкІэ, театрым и Іуэхур иджыпстурей зэманым фІы дыдэу щытхьэм. Цыхуу кьекІуалІэм я бжыгъэр нэхъыбэну, спектаклхэм я фІагъым хэхъуэну, актерхэм яІэ щІэмрэ щІыхьымрэ я лэжьыгъэм дельагъэну - и хьуэпсанІэщи, нэрыльагъу Іуэхум хуищІ. Езыми уэрыщІ. Ар ирагъэщІыжьыгъуэу и куэдщІ. Ар хьыбарыфІ зэхьдигъэхащ.

Абы и ныбжьэгъуэ Адыгеим икІауэ Лиссабон щыІэ, къэфакІуэ ныбжьыщІэхэр зыгъасэ Мекъул ФатІимэ. Мекъулим Мейкъуапи аращ и пшыхьэм зэрыгаГъэбланэр.

Лирисэ дыдэрыщІэгъуэзамкІэ, ФатІимэ мурадышхуэхэр и1эщ ансамблым зэрызрагъэжьынум ехьэлІалъэ. Адыгэ кьафэм нэхъ тригъэщІэнут, ауэ фащэ зэрамыІэм кьыхэтрегъэувыІэ. Езым и нэхъыкуІэ зы фащэ иригъэдащ, арщхьэкІэ абыкІэ зохуэс псоми укІуэн?! ЩІэгъэкъуэн иІамэ, адыгэр щымащІэ Португалием ди лъэпкъ щхьэбзэр кьащригъэщІыхуфынут.

Бзыльхъугъэхэр нэгъуэщІ кьэрал щыпсэуми, кьыщыхкІар зэращымыгъупщэр гуапэщ.

БАГЪЭТЫР Лунэ.

Лиссабон щыпсэу, къэфакІуэ ныбжьыщІэхэр зыгъасэ Мекъул ФатІимэ.

Лиссабони адыгэ щопсэу

Зэрытщ1эщи, хамэ къэралхэм адыгэ куэд щопсэу, дэтхэнэри щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэкІэ щІыналъэ икІауэ. Хэти XIX лІэщІыгъуэм и нэщІэбжьэкІэ нэгъуэщІ къэралхэм кьыщыхутащ, хэти насып гъыхъуанІуэ е лэжьакІуэ ежьащ.

ДИ ТХЫГЪЭМ дыщытепсэлъыхьащ Португалием и щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм.

Португалиер езыр ин дыдэу щымытми, и кьалащхьэ Лиссабон щІыхь мелуан ныкъуэ щІиІту щопсэу. Къэралыр кьулейщ щхьуантІагъэкІэ, псэущхьэ хьэлэмэтхэри щыкуэдщ. Къапщтэмэ, абы и курыкупсэмрэ и щыщхьэрэ гъэныкъуэмкІэ щыІэ псы Іуфэхэр мэзу йокІуэкІ. Мелуан 200-м щІигъу яропсаэ португальбзэм, испаньбзэм яраГъащІыхьым. Футбол, шахмыныгуэ Іэфі дыдэ, шагъыр - мыхэрщ Португалиер дуней псом зэрыщыщІэрыІуэр.

Зи гугъу тщІы щІыпІэ дахэм 2005 гъэ лъапсэрэ щопсэу Щоджэн Ларисэ (Кыщпэк щыщщ). Ар иджыблагъэ лъагъунЫагъу къэкІуэжати, и гупсыскІэ, Іуэхущ1афэкІэ кьыддэзгъэщІну ди гаЗетым щІэнэ щІэнхабзэмкІэ и къудамэр кьыІэщІальхъэ. 2002 гъэм кьыщыщІдзауэ НОТР телерадиоГъэщІэгъэнымкІэ и редактор-режиссёрщ, Къэбэрдей-Балькъэр телевиденэм и лэжьакІуэщ. ХьыбарегъащІэм кьыщыщІдзауэ репортажым, очеркым, нэгъуэщІ жыпхъэхэм нэсыжу ар щымыпэжа къэгъуэтыгъуейщ. Политикэм, экономикэм, щэнхабзэмэ, гъуазджэм, жыпІэнурамэ, жылагъуэ гъащІэм щыщу и нэтынхэмкІэ зи гугъу имыщІа щыІэжкъым.

Барасбиевым и гущІэм кІэлпыплъэм зыжьэу жалэфынущ балькъэр, урыс, гуащІ театрхэм я тхыдэр абы и цІэр хэмыту щыІэ зэрымыхьунур. Аращ абы и гъащІэм и кІурыхыр, кьэру зыщІэльу езыми кьиІльытэр. Ящыщ дэтхэнэ зы Іэнатіэри кьащти, псоми сатыр плъыжькІэ кьыщІидзэщ уэрыгетхьыхьфынур, дэтхэнэми хуищІа хэлъхьэныгъэ ящІ, уэрыпагэнщи. КъБКъУ-м и инженерно-техникэ факультетыр зэгуэр хьфІэзыдзэжу Щепкиным и цІэр зезыхьэ театр училищэм ягъэкІуэну кьыхах щІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ ГъуэУ яхуэхьуа Исмэхьил кьыззрильытэмкІэ, театрым и ГъуэУ яхуэхьуа Исмэхьил кьыгурыІуащ гъуэзджэм и лъагагъэр, театрым и кьарур, кьыхиха гъуэгум зэрытемыкІыжьынур. Иджыпсту абы хэІэтыкІуэр и гугъу ещІ я диплом лэжьыгъэу Островский Александр и «Гроза»-м кьыгращІыкІауэ щыта спектаклым (абы щитІъэзэщІат Дикий и ролыр). Абы кьыкІэлъыкІуащ «За тех, кто в море» (Харитонов), «Отелло» (Людовик), нэгъуэщІхэр.

Барасбиев Исмэхьил цІыху лъагэщ, зэкІужщ, цІыхум епсэльэкІэрэ бгъэдыхьэкІэрэ кьыхуегъуэтыф - аехрагъэнщ ар зэи ролынщэ щІэмыхьуар. Балькъэр театрым и утыкум абы

Лиссабон дэт Белен чэщанэр.

«De Leste» ансамблым хэт, Кавказ къафэхэр зыгъэзащІэ ныбжьыщІэхэр.

Ахэмын Іэдисэ и зэфІэкІ

● Шашкэхэр

Ипщ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округхэм шашкэхэмкІэ я чемпионат иджыблагъэ Налшык щекІуэкІащ. Абы хэтащ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм, муниципальнэ куейхэм я командэхэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ бжьыпэр щиубыдащ КъБР-м и гуп къыхэхам, Тэрч районым икІахэр етІуанэ хъуащ, Налшык къалэм щыщхэм ещанэ увыпІэр кьахьащ.

Зэхьэзэхуэм и къыззтъэпэщакІуэхэм - Ипщэ федеральнэ щІыналъэм Шашкэхэмкіэ и федерацэмрэ Налшык къалэ администрацэм Физкультурэмрэ спортымкІэ и комитетымрэ - джэгу нэхъыщхьэм кьыдэкІуэу блиц-зэпеуэхэри ирагъэкІуэжащ.

Щ1ьхьэзакъуэ зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Дон Іус Ростов кьикІа Александрин Сергей, А зырщ зэхьэзэхуэхэм гроссмейстеру кьрихьэлІар. Ди лъахэгъу Гиль Виталий етІуанэ увыпІэр кьихьащ. Илъэс 15 зи ныбжь, Тэрч куейм ия Плановскэ кьуажэм щыщ Ахэмын Іэдисэ цІыхухъуэм я зэпеуэм хагъэхьащ икІи Урысей Ипщэм и шашист нэхьыфІхэм ящыщ Гиль Виталий хигъащІэщ, спортым и мастерхэу пІым ятекІуэщ, ещанэ увыпІэр кьихьащ. Пщащэм пашэныгъэр щызыІэригъэхьащ цІыхубзхэм я зэпеуэм.

Блиц-зэпеуэм Александрин Сергей щыпэхьэфІащ. ЕтІуанэ, ещанэ увыпІэхэр кьахьащ прохладнэкІэ: Гуминюк Григорийр (ар ветеранхэм я деж щытекІуащ) Шэджэм щыщ МафІэдз Анатолэ.

Дипломхэр, медалхэр, кубокхэмрэ ахьшэ саугъэтхэмрэ чемпионатым щытекІуэхэм иратащ Ипщэ федеральнэ округым Шашкэхэмкіэ и федерацэм и унафэщІ, гроссмейстер Александрин Сергей, абы и кьуэдзэ, спортым и мастер Балькъыз Батий, республикэ категорие зиІэ судья, илъэс 40 хьуауэ тренеру лажьэ Гиль Виталий, СССР-м спортымкІэ и мастер Сыжажэ Валерэ сымэ.

КъыкІэлъыкІуэ зэхьэзэхуэр 2014 гъэм мэкъауэгъуэм и 17-м Ростов областым и Новочеркасск къалэм щекІуэкІынущ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

КъБР-м и командэ къыхэхам и шашистхэу *(сэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ)* Ныр Арсен, Балькъыз Батий, Гуменюк Григорий *(Прохладнэ)*.

Тэрч куейм щыщхэу Мэкъуауэ Дианэ, Щхьэныкъуэ Арсен, Ахэмын Іэдисэ, гроссмейстер - Ипщэ федеральнэ щІыналъэм Шашкэхэмкіэ и федерацэм и унафэщІ Александрин Сергей ящыгъуу.

Щоджэнхэ Хьэчимрэ Ларисэрэ...

...абыхэм я бынхэу Сандрэ Самирэрэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Зыгъэхъэзырар щхьэщэмыщI Изэщ

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

ДжэдыкIэнэкъиж

Ар зэрагъажьэр тебэ куукIэщ. Шатэр тебэм иракIэри, градус 50 - 60 хьууэ кьаГэпльэ. ЗэIащIэурэ абы гуэдз хьэжьигъэ хакIутэ, шыгъу хадзэри, кьаГавэ, шатэр гъуатIэ дахэ хьуху. Джэдыкlэр ятхьэщIри, зэпэщIэхэуэ абы хакьутэ икIи зэIамащIэу, мафIэ цIыкIум тету дакьикьи 8 - 10-кIэ яГажьажь. Джэдыкlэр хакьута нэужь, яп дакьикьитхум тебащхьэр тепIауэ щагъэт, шатэм и щхьэм тхьу нэхь кьыт-ридзэн щхьэкIэ.

Зэрыпщтыру Iэнэм трагъэувэ. Пластэ, щакъуэ, лэкъум, мэжаджэ, мырамысэ даих. Иджы кьаублауэ, джэдыкIэнэкьиж щащIкIэ, гуэдз хьэжьигъэм и пIэкIэ шатэм крупа хакIутэ. Ари хьунущ.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ): шатэу - г 200, гуэдз хьэжьигъэу - г 6, джэдыкIэу - 3, шыгъуу - узыхуейм хуэдизу.

Шэрэ форэ

Мы шхыныгъуэр сымаджэхэм иреIэзэн щхьэкIэ зэхалъхьэу щытащ. Сэбэныщхъуэ яхуохьу шхалъэ, нерв, тхьэмащIегъуэ уз зиIэхэм. Нэхь кьагъэсэбэпыр бжэныщэ хуабэщ, жэмыщэ, хывыщэ щIэмыхуахэри хьунущ, ауэ гъэпщтауэ щытын хуейщ. Шэ гъэхуэбам е гъэпщтам фо гъэткIуа халъхьэ, фIыуэ зэIащIэжри шхэн и пэ кьихуэу махуэм щэ зэрыхуабэу ираф.

Халъхьэхэр: шэрэ - г 250-рэ, фоуэ - г 40.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым кьитхьижащ.

● ГушыIэ

Щы... ТIу

Дизкъуажэ гъуэгум жэщ кьыщытехъуэри, унэ гуэрым дихьащ. Гъуэгурыкlуэр гуапэу ирагъэблагъэри...

- Ямэ узрихьалIэ шхыныфIщ, - жиIэурэ унэгуащэм кIэртIоф гъэва кьытригъэуващ, бахьейр кьыхихыу.

ФIыуэ мэжэлIа Дизкъуажэ кIэртIофхэр зэрыпсэууэ жьэдигъэтIысхьэу щIидзащ.

-Зэкъуэш дапщэ фыхъуро? - кьеупщIащ абы хэту бысымыр.

Асыхьэтым кIэртIоф жьэдэльти, зэкъуэшиц зэрыхъур кьитгъэлъагъуэу, Дизкъуажэ и Iэпхъуамбэ щIидзащ.

-Зэкъуэш дапщэ фыхъуро? - кьеупщIащ, «сэ сахьумыбжэ, къэнэжыр тIущ» жыхуиIэу.

ЖЫЛАУ Нурбий.

● Гъуазджэ

Гуфlэгъуэ зэхьихьэм хэтщ «Нэл цIыкIу» кьэфакIуэ гупыр.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *тригъащ.*

● Хъуэхъу

Аруан кьуажэм щыщ, Шыбзыхъуэхэ я нысэ, Бахьсэн кьалэм щыпсэу, илъэс 35-рэ хьауэ есэпыжкIэ егъэджакIуэ кьалэныр хьэлэлу езыхьэкI Нэгъуэй Ритэ Хьусен и пхъур нобэ кьыщалхьуа махуэщи, дохьуэхьу

Пщlэ зыхуэтщI, фIыуэ тлъагъу Ритэ! Уи махуэ лъапIэмкIэ дынохьуэхьу. Щыхьум нэхь лъапIэу кьиплъыт зэныншагъэр уиIэу, уи дунейр нэхуу, дэрэжьгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ уи бэу, уи Iэщагъэм и хьер плъагъуу, уи щхьэгъуэ Барэсбий кьыпкьуэту, уи бынхэм я екъулIнысгъэм, абыхэм кьатепщыкIыжьа щыкIухэм я насыпым уигъэгушхуэу гъашIэ кIыхь кьэбгъэщIэну ди гуапэщи, Тхъэр фIыгъуэу щыIэм я нэхь лъапIэмкIэ кьыпхуэупсэ.

Уи малъхъэ Шыбзыхъуэ Мухьэмэд, уи шыпхъу Федосэ, абыхэм я кьуэ Аслъэнджэрий, япхъу Оксанэ, я нысэ Оксанэ, я кьуэрыльхуэу Кьантемыр, Камилэ.

● Жыlэгъуэхэр

Уи гугъэм уи Iэр темыхуэу зыхуэдэр пщIэнукъым

◆ЗымкIэ гущыкIыгъуэр адреймкIэ тхьэIуху дущ: апхуэдэщ щхьэж и дунейр.

◆Псэм фIыуэ илъэгъуар нэм щIагъуэу кьыщтэркъым - тощIыпщIэ.

◆ЦIыхуитI я нэр кьэплъэжащ - лъагъуныгъэри лъэалъэжащ.

◆Бгыщхьэр плъапIэщ, ауэ псэупIэкъым: езыр-езыру дэкIар къохьыкьф, дахар зыщIыпIэ кьыщоху е кьрадзыхьж.

◆Дунейр гугъу хъуамэ, лIыгъэ зиIэм и дунейщ.

◆КъыптекIуэр уэркIэ гугъу щхьэкIэ, езымкIи тынш цIыкIукъым.

◆Псыдзэм псыр нэхъ ин ищIыркъым - егъэгутхъуэ.

◆Уи щхьэр щIозыгъэхьар къыптекIуауэ, узытекIуам къыпфIэкIыу екъьэжа хуэдэу игъэIу.

◆Шынэ мыщIэкIитI щы-Iэщ: зыр делагъэщ, адрейр лIыгъыщ - зэхэгъэкIыгъуафIэуи щыткъым.

◆Шынэ узым текIуар щхьэхуитщ.

◆ГугъапIэ зиIэр дамэ зытетым яхэтщ.

◆Къэрабгъэр къащтэкъуэущ: укъелми ухьми зэрымыщIэ Iуэхущ.

◆Уи гугъэм уи Iэр темыхуэу зыхуэдэр пщIэнукъым.

◆Ныбэизым благъэр Iэпэдэгъэлэ ещI.

◆Зи закъуэ лъагъуныгъэ щыIэщи, зи закъуэ ныбжьэгъугъэ щыIэкъым.

◆Лъагъуныгъэр псэм зэрыфIэфIщ, ныбжьэгъугъэр щхьэм кьыззэрилэжьщ.

◆Дэтхэнэ зэманми езым и пэж иIэжщ.

◆Пэжым зэ дыкъыщхьэщыжьыну кьыттхуихуэмэ, емынэм дызэрихуэу щэрэ догъэхъыбарыж.

◆Пэжым, къаруунщэху, зегъэпщкIу, пцIым, къарууфIэху, зегъэлъагъуэ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Нэщэнэхэр

Бжьыхьэ уэшхыр

■ГъавэкIэ кьулей бжьыхьэр уэсыбэ щIымахуэрэ.
■Удыжьым дежкIэ бжьыхьэри гъатхэщ.
■Джэдкьейр щабжьр бжьыхьэращ.
■Гъатхэ уэшхым уегъатхъэри, бжьыхьэ уэшхым уеуфинщI.
■Бжьыхьэ жэщыр уэс кьесыукIэ кIыфIщ.
■Бжьыхьэ мафIэр гуапэщ.
■Бжьыхьэм кьуалэбзум лъахьшэу кьалъэтыхьмэ - щIымахуэр ткIиннущ, лъагэу кьалъэтыхьмэ - хуабэнущ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** Пщlий кьызыпыкIэ жыг. **5.** ... зэхэдзэ нэхъро Iыхьэ зэхэдзэ. **8.** Iуащхьэмахуэ щыгу яп дыдэу кьэзыгъэIурышIа ...Чылар. **9.** Сымаджэ хьэлъэм кьыжьэдэкI макъ. **12.** Къэрал министрым и ... хьэкъыр лэжьакIуэ кьызэрыгуэкIым ейм нэхъро хуэдэ тIощкIэ нэхъыбэщ. **13.** Адыгэ усакIэ, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат. **15.** Нарткъэм я ху нэдыр зыдыгъуа, Сосрыкъуэ бзаджэ гъэкIэ хигъэщIа я бинжь. **16.** Сату Iуэхущ Iапlэхэм щызэрахьэ Iэмэпсымэ. **17.** Псыпщlэ кьуалэбзу, пщэ кIыхьро лъакьуэ кIыхьу. **18.** Гъущ куэбжэ зиIэ гъущ ... щоущэ. **20.** Школыр къэзыуха щIалэщIэм ... ищIащ агроном Iэщlагъэм хуеджэну. **24.** Анэр нэм хуагъадэмэ, ар дэм хуагъадэ. **25.** УэрэджьIакIуэ щIэрыIуэхэу Уэтэрхэ Анатолэ, МуIэед, Шал Хьусен сымэ я кьуажэ. **26.** Шым, Iэщым я фэр ящыз бадзэжь. **27.** «Щауэ ...» - Кьардэнгъущ Зырымыку, Пащlэ Iенэ, нэгъуэщIхэми яГэзащIэ адыгэ уэрэдыжь щIэрыIуэ. **28.** МафIэ зэрызэщIагъэст пхъэ упсахуэ, кьутахуэ. **30.** Мэш хьэузэз. **33.** Бззэрым ерыскъыпхъэ кьыщызыщIэхуэм ар зейм жриIэ хабзэщ: « ... пхухьу». **36.** «Лъагъуныгъэр, си псэ, ар мы ... джэгу, дыкъызэрыгъапщIэу дыздумыгъэджэгу» - Тхьэбысым Умаррэ Гъубжокъуэ Июанрэ яуса уэрэдым щыщщ. **39.** КIыщокъуэ Алим и адэм и щIэр. **40.** Фадэ гуащIэ. **41.** Зи кIапэ лъэныкъуэр къэгъэша бжэгъуащхуэ. **42.** Биим я мыпкъуу текIуахэм кьаIэщIыхьар. **44.** Iэщ щыкIу. **45.** Гъэмахуэм ..., щIымахуэм гу щIы.

Къехьу: **1.** Махуэщlэ. **2.** Кавказым щыпсэу лъэпкъыщхьэ. **3.** Америкэм е Японием уэрэкIуэфынуэ е кьхъухьлъатэкIэщI, е апхуэдэ транспорткIэщ. **4.** ... вы бжьакьуэм кьокI. **6.** КьрацыхьэмкIи папщIэ шым, Iэщым традзэ. **7.** Шыхуобзыщэ е Кьардэнгъущ Зырымыку игъэзащIэ уэрэд. **10.** Бжьэхэм кьрахьэлIэ фоупс пIащIэ. **11.** Хабзэншагъэу, щэхуу зэIэпах ахьшэ. **14.** Щоджэнщыкlу Алий и поэмэ щIэрыIуэм хэт Мадинэм фIыуэ илъагъу щIалэр. **18.** НапIэзыпIэ. **19.** ЦIыху хэщIыхьа, гъум. **21.** Дзыдзэ лъэпкъым щыщ хьэкIэкхъуэкIэ цIыкIу. **22.** Мэдахэ кьызыкIэрих удз шакьафэ: хьупIэхэм щыкуэдщ, шей кьыщIагъэвыкI. **23.** Уэрэрыбауэ хьэуар кьомэщIэкIыу, дунейр щыхуабэвэх лъэхъэнэ. **29.** Мэжджэтым хэт уаз тыпIэ. **31.** ... и жапIэр езым кьеГуэтыж. **32.** Псыхэс икIи кьэзыльэтэтыхь псэущхьэ. **34.** ТхьэмыщкIэм, шхын зимыIэм ират Iыхьэ. **35.** Уи хьэм ... и цIэщ. **37.** Кьыдалъхуауэ щIыхум и щIыфэм хэс. **38.** «Пхъур ... кIуэмэ, мывэ хъурейм зегъэпщкIу» - псалъэжь. **42.** ПшахьуэщI. **43.** Бдзэжьей зэрещэ.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



ФокIадэм и 14-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жуапхэр:

ЕкIуэкIыу: 7. Хьэмыщэ. **8.** Дэфтэр. **9.** Хьэлвэ. **10.** ПкIэлъей. **12.** Пхьапэ. **14.** Щэху. **17.** Гыныху. **19.** Гуартэ. **22.** Мыщэ. **23.** Шухьэ. **24.** Брул. **26.** Пагэ. **29.** КъыпщIэ. **30.** Къурашэ. **31.** Обамэ. **34.** Алыдж. **35.** Журт. **36.** Мест. **38.** КъурыкIу. **39.** Уанэгу. **41.** Уащхьуэ. **43.** Уэд. **45.** Ныжэб. **47.** Акъсыр. **49.** Бжьыдзэ. **52.** Ефэнды. **53.** Чыржьын. **54.** Мыл.

Къехьу: **1.** Щlхьэпс. **2.** Пщае. **3.** Гъудж. **4.** Зэв. **5.** КIэпхъ. **6.** Арджэн. **11.** Лъагэ. **13.** Анэш. **14.** Шху. **15.** Хугу. **16.** Дыгулыбгъуей. **18.** Нарт. **20.** Ригэ. **21.** ТхьэкIумэзыкIыхь. **25.** Лэрыдж. **26.** Пэшхэ. **27.** Пщlы. **28.** Гъубж. **32.** Алан. **33.** Ерыщ. **37.** Тумэ. **38.** Къуэпс. **40.** Гуу. **41.** Уд. **42.** Андез. **44.** Гъынэ. **46.** Быдэ. **48.** Къым. **50.** Жьым. **51.** Дзэл.

● Псалъэжьхэр

Уи насып зыхэлъ зыми пIрихынкъым

●Псыпэр зэрыжэм псыкIэри ирожэ.
●Псым и жапIэр езым кьеГуэтыж.
●Тенджызрэ пэт ткIуэпс-ткIуэпсу зэхэтщ.
●ТIу зэгухьэмэ, кьарущ.
●УзыхапIыкIа лIэщIыгъуэ и дамыгъэ кьыптонэ.
●Уи насып зыхэлъ зыми пIрихынкъым.
●Унэ кьыбдимысарэ гъусэ кьыпхуэмыхьуарэ я хьэл пщIэркъым.
●УIэгъэ лъэужьынщэ хъуркъым.

Дыгъэр кьухьэрт, абы и бзий зэщIикъуэмэхэр кьурышыщхьэхэм щхьэдэхьэхымжауэ. КьызэразыщIэрэщIэжьрэ куэд мыщIа Тэтэрпуэ азэи джаныэм дезс дыщытт, Тэрч ауэзмрэ Джсылахьстэней бзы екIуэкIымрэ кьызэпэтплъыхьу. Ельхъуэт кьуажэм щыщу хьэщIагъэжьхуэ кьызэзыха си бысым Ардасенов Мысост сщIыхьэти, абы Тэтэрпуэлым тегухауэ мы хьэбарыжьыр кьызжиIэжащ.

Анзор лIы цIыкIу

Хьэбарыжь

КуэД щIащ абы лъандэрэ. Тэтэрпуэ кьалэжьым и лъагапIэ дыдэхэм ящыщ зы щордакъ гуэрым щыпсэурт Надихъан гуащэ дахэр. Абы уэсым хуэдэу кьыуэкIыжьыжьыгъэ щIыкIэ, хъущIэу ежэх Тэрчыжьым и псыпхухэм махуэ кьэс зыщигъэпскIырт.

Апхуэдэу Iэхуэр зэрыщытыр кьещIэ кьэбгрдей щIалэ Анзор лIы цIыкIукIэ зэджэм.

Ар лIы кIэщI цIыкIуг, ауэ щхьэмыгъаэзт, лы мышынэт, и гур асльэныгут. Гуащэм псым зызэрыщитэпскIыр кьиплъагъури, лIэнкъэнэну егуэкIуащ. Арати, абы нэхъ хэмылъу, зыIэригъэхьэну мурад ищIащ.

Куэдрэ еплъэкIуащ, куэдрэ ещхIуащ, ауэ сыт имыщIэми, кьыхуэубыдыргъэкьым. Лъатэрти, ЕщIэкIыжьырт кьыу хужь дахэр. Щымыхьухэм, Iэмал хуекIуащ: тхыпхъэщIыпхъэкIэ гъэщIэрэщIауэ пхъуантэ дахэ ищIщ, абы зригъащIкIуэри Тэрч здэжьхьымкIэ зригъэхьэхащ. Иджы ар дыдэм ирихьэлIэу, абы и псыпыхухэм зыхигъапскIэрт кьыу гуащэ тхьэIуху дым.

Псым ирихьэх пхъуантэм кьыум гу лыитащ, ар фIэгъэщIагъэуэ хьуауэ гъунэгъу дыдэу кьыщесыпIэм, Анзор лIы цIыкIур гъуаэмкIэ кьиIэбыкIри, зызыгъэпскIыу псым хэх кьыпIэзыпIэм кьиубыдащ. Гъэр хьуа гуащэр гуIэу къэлъэIуащ:

- СыутIыщщ, ер зи гущхьэм кьрих жинфIыщ, сыутIыпщ сэ кьуалэбзу тхьэмыщкIэр, щхьэхуит сыщIыжи, си дагъэ мэхэм сегъэIэтыж. Сыт уэ бзаджагъэу уэзлэжьыр? СыутIыпщи, си гъуэм, чэщащэм сыгъэкIуэж.

Анзор гуащIэу зэуэ жэуап кьитащ:

- Уей, - жи, - гуащэу дахэкIей, гуащэу щыIэм я лей, сыту Iейуэ уцыуа, сэ сыжин фIыщIэкьым, атIэ уэ хьэщыкъ пхуэхьуа, Къэбэрдейм щыщ фызкъэмышэ щIалэ Анзор лIы цIыкIужьыхуаIэр сэращ. Уэ, шэч хэмылъу, зэхэнхуаэ кьыщIэкIынщ тенджьзитI зэхуакум хэIущIыIу щыхьуа Анзор лIы хахуэм и щIэр?

Гуащэм жэуап кьетыж:

- Хьэуэ, зэхэсхакьым икIи усцIыхуркъым, сыгъэлъагъу уи лIыгъи, итIанэ ууей сыхьунщ: кьумым кIуэи, брул защIэу шыбз гуартэ кьэху, фIыщIафэ зыщIэлъадэ хакIуэ пщIэгъэплъ хэтыжу. Апхуэдэ шыбз гуартэ зиIэр Мансур хъанырщ, мис абы къытехрэ къэпхуфмэ, итIанэ сэ уэ срыуейщ.

- Хьунщ, дэгъэущ, гуащэу щыIэм я лей, иджьпсту гъуэгуанэ сытохьэ, - жиIэри Анзор лIы цIыкIум кьыур иутIыщщыжащ. Арыхьэуи, а зы напIэзыпIэм кьыур уафэпшэм хыхьэжащ, и чэщанэм зэрынэсыжи, узримыгъэплъу цIыхубз дахэу зыгъэрихьэкIыжащ.

ЛIыхъужьым и шы-уанэр зэтрилтхъэщ, и шынибэпхыр щIикъуэри гъуэгуанэ техащ, кьумым хуэкIуэу.

Бэлыхь Iэджи тельауэ, гугъуехь Iэджи игъэвауэ, мэхэм сегъэIэтыж. Сыт уэ бзаджагъэу уэзлэжьыр? СыутIыпщи, си гъуэм, чэщанэм сыгъэкIуэж.

Анзор гуащIэу зэуэ жэуап кьитащ:

- Уей, - жи, - гуащэу дахэкIей, гуащэу щыIэм я лей, сыту Iейуэ уцыуа, сэ сыжин фIыщIэкьым, атIэ уэ хьэщыкъ пхуэхьуа, Къэбэрдейм щыщ фызкъэмышэ щIалэ Анзор лIы цIыкIужьыхуаIэр сэращ. Уэ, шэч хэмылъу, зэхэнхуаэ кьыщIэкIынщ тенджьзитI зэхуакум хэIущIыIу щыхьуа Анзор лIы хахуэм и щIэр?

Гуащэм жэуап кьетыж:

- Хьэуэ, зэхэсхакьым икIи усцIыхуркъым, сыгъэлъагъу уи лIыгъи, итIанэ ууей сыхьунщ: кьумым кIуэи, брул защIэу шыбз гуартэ кьэху, фIыщIафэ зыщIэлъадэ хакIуэ пщIэгъэплъ хэтыжу. Апхуэдэ шыбз гуартэ зиIэр Мансур хъанырщ, мис абы къытехрэ къэпхуфмэ, итIанэ сэ уэ срыуейщ.

- Хьунщ, дэгъэущ, гуащэу щыIэм я лей, иджьпсту гъуэгуанэ сытохьэ, - жиIэри Анзор лIы цIыкIум кьыур иутIыщщыжащ. Арыхьэуи, а зы напIэзыпIэм кьыур уафэпшэм хыхьэжащ, и чэщанэм зэрынэсыжи, узримыгъэплъу цIыхубз дахэу зыгъэрихьэкIыжащ.

ЛIыхъужьым и шы-уанэр зэтрилтхъэщ, и шынибэпхыр щIикъуэри гъуэгуанэ техащ, кьумым хуэкIуэу.

Бэлыхь Iэджи тельауэ, гугъуехь Iэджи игъэвауэ, мэхэм сегъэIэтыж. Сыт уэ бзаджагъэу уэзлэжьыр? СыутIыпщи, си гъуэм, чэщанэм сыгъэкIуэж.

Анзор гуащIэу зэуэ жэуап кьитащ:

- Уей, - жи, - гуащэу дахэкIей, гуащэу щыIэм я лей, сыту Iейуэ уцыуа, сэ сыжин фIыщIэкьым, атIэ уэ хьэщыкъ пхуэхьуа, Къэбэрдейм щыщ фызкъэмышэ щIалэ Анзор лIы цIыкIужьыхуаIэр сэращ. Уэ, шэч хэмылъу, зэхэнхуаэ кьыщIэкIынщ тенджьзитI зэхуакум хэIущIыIу щыхьуа Анзор лIы хахуэм и щIэр?

Гуащэм жэуап кьетыж:

- Хьэуэ, зэхэсхакьым икIи усцIыхуркъым, сыгъэлъагъу уи лIыгъи, итIанэ ууей сыхьунщ: кьумым кIуэи, брул защIэу шыбз гуартэ кьэху, фIыщIафэ зыщIэлъадэ хакIуэ пщIэгъэплъ хэтыжу. Апхуэдэ шыбз гуартэ зиIэр Мансур хъанырщ, мис абы къытехрэ къэпхуфмэ, итIанэ сэ уэ срыуейщ.

- Хьунщ, дэгъэущ, гуащэу щыIэм я лей, иджьпсту гъуэгуанэ сытохьэ, - жиIэри Анзор лIы цIыкIум кьыур иутIыщщыжащ. Арыхьэуи, а зы напIэзыпIэм кьыур уафэпшэм хыхьэжащ, и чэщанэм зэрынэсыжи, узримыгъэплъу цIыхубз дахэу зыгъэрихьэкIыжащ.

ЛIыхъужьым и шы-уанэр зэтрилтхъэщ, и шынибэпхыр щIикъуэри гъуэгуанэ техащ, кьумым хуэкIуэу.

Бэлыхь Iэджи тельауэ, гугъуехь Iэджи игъэвауэ, мэхэм сегъэIэтыж. Сыт уэ бзаджагъэу уэзлэжьыр? СыутIыпщи, си гъуэм, чэщанэм сыгъэкIуэж.

Анзор гуащIэу зэуэ жэуап кьитащ:

- Уей, - жи, - гуащэу дахэкIей, гуащэу щыIэм я лей, сыту Iейуэ уцыуа, сэ сыжин фIыщIэкьым, атIэ уэ хьэщыкъ пхуэхьуа, Къэбэрдейм щыщ фызкъэмышэ щIалэ Анзор лIы цIыкIужьыхуаIэр сэращ. Уэ, шэч хэмылъу, зэхэнхуаэ кьыщIэкIынщ тенджьзитI зэхуакум хэIущIыIу щыхьуа Анзор лIы хахуэм и щIэр?

Гуащэм жэуап кьетыж:

- Хьэуэ, зэхэсхакьым икIи усцIыхуркъым, сыгъэлъагъу уи лIыгъи, итIанэ ууей сыхьунщ: кьумым кIуэи, брул защIэу шыбз гуартэ кьэху, фIыщIафэ зыщIэлъадэ хакIуэ пщIэгъэплъ хэтыжу. Апхуэдэ шыбз гуартэ зиIэр Мансур хъанырщ, мис абы къытехрэ къэпхуфмэ, итIанэ сэ уэ срыуейщ.

- Хьунщ, дэгъэущ, гуащэу щыIэм я лей, иджьпсту гъуэгуанэ сытохьэ, - жиIэри Анзор лIы цIыкIум кьыур иутIыщщыжащ. Арыхьэуи, а зы напIэзыпIэм кьыур уафэпшэм хыхьэжащ, и чэщанэм зэрынэсыжи, узримыгъэплъу цIыхубз дахэу зыгъэрихьэкIыжащ.

ЛIыхъужьым и шы-уанэр зэтрилтхъэщ, и шынибэпхыр щIикъуэри гъуэгуанэ техащ, кьумым хуэкIуэу.

Бэлыхь Iэджи тельауэ, гугъуехь Iэджи игъэвауэ,

КIУРАШIН БетIал.

● Фи лъэIукIэ

Си гухэлъхэм ухэмыкI

Псалъэхэри макъамэри **ДУМЭН Мурадин** *ейщ*

Гухэлъыбжэр пхуэIуэмыхами,
Сыту фIыщIу дахэр усгъэгъуа,
Лъагъуныгъэ губгъуэм уизмышами,
Си гухэлъхэм дахэр ухэтащ.

Нэ кьуэлэн дахинкIэ укъыщэплъу
Зы зэманкIэ, дахэ, щытыгъащ,
Нэ пльызакIэ си пшынальэр хэплъэу,
Щыгъуэ фащэр гущIэм щыптIэгъат.

Уафэ джабэм мазэр щиджэгуакьиэ,
Ди зы жэщ уэ унту сыкъэгъэкIыж.
Лъагъуныгъэм щыпльэр
кьыщикIыхьиэ,
Нэхущ вагъуэплъ дахэу кьыкьуэкIыж.

ЩIхьэщыгъуэшхуэр тIуэу едзыхауэ
Пщащэ сльагъумэ, ар уэра кьысфIощI,
Нэ дахинтIыр кьаплъэм сыщыуауэ
Зэрыслъагъуу, дахэ, си гур хощI.

Гъэ блэкIахэм мазэхэр зэблидзу,
Лъагъуныгъэр ди кьэбжэпэм блокI,
Уэ дахащэр си гум укъыридзэм,
Ди Дзэлыкъуэ псыхъуэр си гум кьокI.

Псынэпс кьабзэм кьыхэжа
зы ткIуэпсу,
Мазэ нурым ноби упольщ,
Унту сыкъэкIым сыгуфIэгъуэ нэпсу,
Уи гукъуэпсхэм си цIэр щегъэубыд.

● Жыlэгъуэхэр

Уи гугъэм уи Iэр темыхуэу зыхуэдэр пщIэнукъым

◆ЗымкIэ гущыкIыгъуэр адреймкIэ тхьэIуху дущ: апхуэдэщ щхьэж и дунейр.

◆Псэм фIыуэ илъэгъуар нэм щIагъуэу кьыщтэркъым - тощIыпщIэ.

◆ЦIыхуитI я нэр кьэплъэжащ - лъагъуныгъэри лъэалъэжащ.

◆Бгыщхьэр плъапIэщ, ауэ псэупIэкъым: езыр-езыру дэкIар къохьыкьф, дахар зыщIыпIэ кьыщоху е кьрадзыхьж.

◆Дунейр гугъу хъуамэ, лIыгъэ зиIэм и дунейщ.

◆КъыптекIуэр уэркIэ гугъу щхьэкIэ, езымкIи тынш цIыкIукъым.

◆Псыдзэм псыр нэхъ ин ищIыркъым - егъэгутхъуэ.

◆Уи щхьэр щIозыгъэхьар къыптекIуауэ, узытекIуам къыпфIэкIыу екъьэжа хуэдэу игъэIу.

◆Шынэ мыщIэкIитI щы-Iэщ: зыр делагъэщ, адрейр лIыгъыщ - зэхэгъэкIыгъуафIэуи щыткъым.

◆Шынэ узым текIуар щхьэхуитщ.

◆ГугъапIэ зиIэр дамэ зытетым яхэтщ.

◆Къэрабгъэр къащтэкъуэущ: укъелми ухьми зэрымыщIэ Iуэхущ.

◆Уи гугъэм уи Iэр темыхуэу зыхуэдэр пщIэнукъым.

◆Ныбэизым благъэр Iэпэдэгъэлэ ещI.

◆Зи закъуэ лъагъуныгъэ щыIэщи, зи закъуэ ныбжьэгъугъэ щыIэкъым.

◆Лъагъуныгъэр псэм зэрыфIэфIщ, ныбжьэгъугъэр щхьэм кьыззэрилэжьщ.

◆Дэтхэнэ зэманми езым и пэж иIэжщ.

◆Пэжым зэ дыкъыщхьэщыжьыну кьыттхуихуэмэ, емынэм дызэрихуэу щэрэ догъэхъыбарыж.

◆Пэжым, къаруунщэху, зегъэпщкIу, пцIым, къарууфIэху, зегъэлъагъуэ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (зэуап зыхь секретарь), **Истинан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныдзэ Замир, Хьэжьыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэз.**

КьыдзэыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, еблэныгъэ-ещIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; зэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жьылагъэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ Iапlэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт эныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○ ○

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хьумэныкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыджIыгъуэм елэжьахэщ: жуап зыхь секретарым и къуэдзэ Кьаншокьуэ Эллэ, редактору Истэпан Залинэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр щIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэттхэм елэжьар* Гъурыжь Мадинэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэзэжьащ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.820 ● Заказ №2428